ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№11 (24.917) • 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 31, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

## Электрокъару къэзылэжь IэнатIэм зэрызиужьыр

**Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ «Кавказ Ищхъэрэм и Россети» ПАО-м и унафэщI нэхъыщхьэ Левченкэ Роман. КъулыкъущIэхэр шэщIауэ тепсэлъыхьащ электрокъару къэзылэжь IэнатIэм ди щIыналъэм адэкIи зэрызыщегъэужьыпхъэм ехьэлIа Iуэхухэм.**

КЪЫКIЭЛЪЫКIУЭУ **КIуэкIуэ Казбекрэ Левченкэ Романрэ** зэгъусэу ирагъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, ди щIыналъэм и элекрокъару IэнатIэм и пашэхэр къызрихьэлIа зэIущIэ купщIафIэ. Абы щытепсэлъыхьащ республикэм электрокъару къыщызылэжь IуэхущIапIэхэм мылъку хэлъхьэн, зэманым къигъэув мардэхэм хуэкIуэу зегъэужьын, лэжьэкIэщIэхэр къэгъэсэбэпын зэрыхуейм.

Къыхагъэбелджылыкlа Iуэхугъуэхэм ящыщщ цIыхухэр, IэнатIэхэр электрокъарукIэ къызэгъэпэщыным и фIагъым зэрыхэгъэхъуапхъэм, апхуэдэуи электроэнергием щыщу мыхьэнэ имыIэу кIуэдым и бжыгъэр гъэмэщIэным гулъытэшхуэ зэрыхуэщIыпхъэм ехьэлIахэр. ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, щIыналъэм и экономикэм зэрызиужь, жылэхэм унагъуэщIэхэр зэрыщытIыс зэпытыр къэлъытауэ, абы текIуадэ электрокъарур къэзылэжь IэнатIэм Iэмал имыIэу зегъэужьын хуейщ, а псоми пэлъэщын хуэдэу.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищIащ Левченкэ Роман, щIыналъэм къыхуищI гулъытэмрэ зи пашэ IэнатIэм щекIуэкI лэжьыгъэм зиужьынымкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зэрызыхищIэмрэ папщIэ. Абы тегъэчыныхьауэ жиIащ зэгъусэу зэфIах Iуэхугъуэ псоми цIыхухэм я гъащIэм и фIагъыр къызэриIэтынур, республикэм и энергетикэ IэнатIэмрэ экономикэмрэ зыужьыныгъэфI къазэрыхуихьынур.





## Мурадышхуэхэр я гъуэгугъэлъагъуэщ

**КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэм и япэ зэIущIэр екIуэкIащ. Ар, зэрыхабзэу, депутатхэм къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэмкIэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** псом япэу тепсэлъыхьащ мэкъуауэгъуэм и кIэ пщIондэ екIуэкIыну гъатхэ лэжьэгъуэм нэхъыщхьэу я нэIэ зытетыну Iуэхугъуэхэм. Абы къыхигъэщащ, нэхъ ипэкIи хуэдэу, Парламентым къищтэ хабзэхэр зэрагъэзащIэр къызэрипщытэнур, Президиумым и зэIущIэхэр республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщрагъэкIуэкIынур, япэуи Бахъсэн къалэ округым я социально-экономикэ зыужьыныгъэм зэрызыщагъэгъуэзэнур.

- Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым къыхэтлъхьа «От высоты к высоте» Iуэхуми адэкIэ пытщэну ди мурадщ. Абы ипкъ иткIэ, Хэку зауэшхуэм и зэманым совет зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэм ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ лъагапIэу 4-м фэеплъ зэхыхьэхэр къыщызыдогъэпэщ. Нэгъабэ Курп лъагапIэхэм дыщыIэну дыхунэсащ. КъыкIэлъыкIуэр мазаем и 13-м, Iуащхьэмахуэ лъапэ щхьэхуит къыщащIыжа махуэм, ехьэлIащ. Ди мурадщ фэеплъ нэхъ лъагэ дыдэм дыдэкIуейуэ Iуащхьэмахуэ и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуахэр дигу къэдгъэкIыжыну, - жиIащ Егоровэм. - Апхуэдэуи ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэр зытеухуауэ щытынум ящыщщ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэныр, унагъуэ хуэмыщIахэм, сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэм дадэIэпыкъуныр. Гулъытэ щхьэхуэ яIэн хуейщ зыкъытхуэзыгъазэхэм я Iуэхухэр зэхэгъэкIынми. КъБР-м и Парламентыр жыджэру елэжьынущ жэрдэмхэр УФ-м и Къэрал Думэм егъэхьыным. Мы зэманым ди IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI хабзищым абы щыхоплъэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

## КIыщокъуэм и фэеплъым деж

**Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим дунейм щехыжа махуэм, щIышылэм и 29-м, ирихьэлIэу, гъэ къэси хуэдэу, пэкIу щекIуэкIащ абы и фэеплъым деж. УсакIуэшхуэр дунейм зэрехыжрэ илъэс 25-рэ ирокъу.**

ХАБЗЭ хъуауэ, усакIуэр къыщалъхуа, дунейм щехыжа махуэхэм ирихьэлIэу абдеж щызэхуэсурэ а цIыху щыпкъэр ягу къагъэкIыж, псалъэ гуапэхэр хужаIэ. КIыщокъуэ Алим и цIэр зезыхьэ уэрамым тет Налшык къалэ администрацэм и гупэм къит фэеплъым деж, щекIуэкI зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIахэм яхэтт КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, жылагъуэ, политикэ Iуэху зезыхьэхэр, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр, тхакIуэр фIыуэ зыцIыхуу щытахэр, и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, и IэдакъэщIэкIхэр фIыуэ зылъагъухэр, студентхэр, еджакIуэхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин пэкIур къыщызэIуихым къыхигъэщащ республикэм и щэнхабзэмрэ литературэмрэ зыгъэбея КIыщокъуэ Алим и цIэм республикэм исхэр зэриригушхуэр, ар я гъуэгугъэлъагъуэу, щапхъэу, гъащIэ гъуазэу къызэрынэжыр, ди щIыналъэмрэ абы щыпсэухэмрэ фIыуэ тлъагъуну къалэн къызэрытщищIар цIыхубэм зэращымыгъупщэр, и тхыгъэ купщIафIэхэм я фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къалэ, къэрал куэдым щыпсэухэм къызэрацIыхуар.

(КIэухыр 2-нэ нап.).



Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru Адыгэ Псалъэ



# Мурадышхуэхэр я гъуэгугъэлъагъуэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм яжриIащ къэралми республикэм дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщу гъатхэ лэжьэгъуэм къриубыдэу УФ-м и Къэрал Думэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ я депутат хэхыныгъэхэм зэрыщIидзэнур. «Хэхыныгъэхэр зэпIэзэрыту, хабзэм тету екIуэкIын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, 2026 гъэм илъэси 120-рэ ирокъу Урысей парламентаризмэр. Дауи, абы ехьэлIауи Iуэхугъуэ куэд къызэдгъэпэщыну ди мурадщ», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2026 гъэр УФ-м и Президентым Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувар, икIи цIыхубэ, дин зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, хэкупсэ гъэсэныгъэм епха Iуэхугъуэхэр жыджэру зэрырагъэкIуэкIыпхъэр. Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ нэгъуэщI щIыналъэхэм я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэным гулъытэ хэха дяпэкIи зэрыхуащIынум, псалъэм къыдэкIуэу, абы жиIащ Ингуш Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсымрэ Чуваш щIыналъэм и Къэрал Советымрэ КъБР-м и Парламентым къыдэлэжьэну хуейуэ зэрызыкъыхуагъэзар. Нэхъ ипэкIэ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Парламентым иращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, гъатхэпэ мазэм «стIол хъурей» жыпхъэм иту тепсэлъыхьынущ щIыналъитIым я лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр къызэрекIуэкIам.

- Мы гъэм гулъытэшхуэ хуэтщIын хуейщ Урысейм ис лъэпкъхэм яку дэлъ зэкъуэш зэхущытыкIэхэр нэхъыфI щIыным. Абы мыхьэнэшхуэ ди зэманым, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкIым, иIэщ - лъэпкъ зэкъуэтыныгъэмрэ дин зэгурыIуэныгъэмрэщ ди Хэкум и къарур. Шэч къытесхьэркъым дызэгъусэу гъэунэхуныгъэхэм дызэрыпхыкIыфынум, къалэнхэр зэрытхуэгъэзэщIэнум, - дыщIигъуащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым.

Депутатхэм зэдэарэзыуэ Налшык суд IуэхущIапIэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэ къулыкъум Хъубий Iэминэ илъэсищ пIалъэкIэ пэрытыну хахащ.

ЗэIущIэм къыщаштащ «КъБР-м юридическэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэу къызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 2-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI Кривко Михаил къыхигъэщащ КъБР-м сабийм и хуитыныгъэхэр щыхъумэнымкIэ и уполномоченнэм зэрызакъыхуигъэзам къыхэкIыу дэфтэрыр зэрагъэхьэзырар. «Зэрызыхуагъэзэм къыхощ сабийхэр унагъуэхэм зэрыратыжым и бжыгъэр щIэмащIэм и зы щхьэусыгъуэу адэ-анэхэм хабзэ Iуэхухэм хамыщIыкIыу, я щIэныгъэр иримыкъуу зэрыщытыр. Абы къыхэкIыу абыхэм яхузэфIэкIыркъым адэ-анэм я хуитыныгъэхэр зэфIэгъэувэжыным е я хуитыныгъэхэр зэрагъэмэщIар Iурагъэхыжыным теухуауэ судым унафэ къищтэн папщIэ зыхуеину щыхьэт псори зэхуахьэсу къагъэлъэгъуэну. Ар ди тегъэщIапIэу, законкIэ юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэу зратхэм хэдгъэхьэну тфIэкъабылщ адэ-анэм я хуитыныгъэхэр зэфIэзыгъэувэжыну хуейуэ зыхуэзыгъазэхэр», - жиIащ къэпсэлъам.

Депутатхэрарэзы техъуащ «ЦIыхухэр автомобиль, гъущI гъуэгу, токкIэ лажьэ транспортхэмкIэ къызэрырашэкIыр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и законым и 3, 6-нэ Iыхьэхэм, «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр зэрыщызэрагъэпэщыжым ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым и 9-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымкIэ республикэм и законопроекттхэм. КъБР-м и Парламентым и Жылагъуэ советым хэтхэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ.

ЗэIущIэм щедэIуащ УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Кужонов Жантемыр 2025 гъэм зэфIагъэкIам теухуауэ къызэрыпсэлъам.

Къыхэгъэщыпхъэщ зэIущIэм КъБР-м и Парламентым хэмыт политикэ партхэм я лIыкIуэхэри къызэрырагъэблэгъар. Абыхэм ящыщу къекIуэлIащ «Урысей Федерацэм и къэзакъ парт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Усачёв Сергей, «Граждан платформэ» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм хэт Шакъ Хьэзрэталий сымэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ЦIыхухэр щагъэгъуазэ

**Аруан районым и къалащхьэ Нарткъалэ дэт курыт школ №4-м узыфэ зэрыцIалэхэм зэрыпэщIэт вакцинэр зыхебгъэлъхьэным, и чэзум уи узыншагъэр къебгъэпщытэным мыхьэнэшхуэ зэриIэм теухуа зэIущIэ щекIуэкIащ.**

ЕДЖАПIЭМ и пщIантIэм щагъэуват медицинэ мобильнэ комплексхэр. Къалэдэсхэм Iэмал яIащ абдежым я узыншагъэр къыщрагъэпщытэну, ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и IэщIагъэлIхэм я чэнджэщхэм щIэдэIуну. АдэкIэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр яIущIащ район администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэмрэ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам тепсэлъыхьащ и чэзум къахута узым куэдым узэрыщихъумэм, лышх узыфэхэр хэмытIасэу къащIэнымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэу абы и гугъу ищIащ узыфэ зэрыцIалэхэм сымаджэхэр щытыкIэ хьэлъэхэм зэрырагъэувэм, абыхэм зэрапэщIэт мастэр зыхрагъалъхьэмэ, я узыншагъэр куэдкIэ нэхъ хъума зэрыхъунум.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр ирагъэплъащ узыфэ зэрыцIалэм зэрыпэщIэт мастэхэм я мыхьэнэр нэсу щызэпкърыха, ар зыхезыгъэлъхьэн зымыдэхэр зыIууа гугъуехьхэр къыщыгъэлъэгъуа «Вакцинация: жизнь или смерть» документальнэ фильмым. Абы гурыIуэгъуэ дыдэу жылагъуэм я деж нехьэс фэгъазэ, щIыфэкъикI, полиомиелит, нэгъуэщI узыфэ зэрыцIалэ шынагъуэхэр мыятэнымкIэ абыхэм зэрапэщIэт мастэр шэсыпIэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр, вакцинэм теухуауэ кърахьэкI хъыбарыпцIхэр зэрылъабжьэншэр.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм я упщIэхэм жэуап иратащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и иммунолог-аллерголог нэхъыщхьэ Щоджэн Мадинэ, КИФЩI-м штатым хэмыт и инфекционист нэхъыщхьэ Иуан Маринэ, республикэм Гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ и центрым и къудамэм и унафэщI Петровэ Мединэ сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ апхуэдэ зэIущIэхэр республикэм и район псоми щрагъэкIуэкIынущ, узыншагъэмкIэ щхьэпагъ зыпылъ Iуэхухэр цIыху нэхъыбэм я деж нахьэсын папщIэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# КIыщокъуэм и фэеплъым деж

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэм КIыщокъуэм зэрызригъэужьам теухуауэ министрым жиIам къыпищэу къытеувыIащ тхакIуэм и макъыр ину икIи пэжу къэIуу, цIыхубэм ягу нэсу, усакIуэ къудей мыхъуу, и лъэпкъэгъухэр зыгъэгузавэ Iуэхугъуэхэм гулъытэ яхуищIу зэрыщытар, и тхыгъэхэр адыгэ литературэм и фIыпIэ зэрыхъуар, Урысейм и мызакъуэу хамэ къэралхэми абыхэм щIэупщIэ ин зэрыщаIэр, и тхыгъэхэр бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэрызэрадзэкIыр.

- Фегупсысыт КIыщокъуэ Алим и щIэинхэм я кууагъымрэ абыхэм гъунапкъэ зэрамыIэмрэ. Сыту пIэрэ усакIуэм и псалъэм и къару мыкIуэщIым и щэхур? СатыриплI хъу и усэхэр шабзэм хуэдэу гум хохьэ, мыхьэнэ куу яIэщ, - жиIащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм. - ЦIыху гъащIэр бгыщхьэм къежэха мывэм хуэдэу напIэдэхьеигъуэщ. А зэман кIэщIым къриубыдэу дунейр ди нэхумкIэ къызэщIэдгъэблэным дыхунэсын, лъэужьыфI къэдгъэнэн хуейщ, ди фэеплъыр лIэщIыгъуэкIэ ящымыгъупщэн хуэдэу. Апхуэдэ зэфIэкI иIащ КIыщокъуэ Алим.

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ, радиожурналист, зэдзэкIакIуэ Мэремкъул Ларисэ жиIащ КIыщокъуэ Алим мамыр гъащIэм щызэфIигъэкIа Iуэхушхуэхэм я мызакъуэу Хэку зауэшхуэм и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху зэрыпхыкIар, и щIыналъэр фIыуэ зэрилъагъум, лъэпкъым и къуэ щэджащэу зэрыщытым и щыхьэту. Абы щIигъужащ КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ я зэныбжьэгъугъэр лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ я щапхъэу зэрыщытыр.

Шэджэм щIыналъэм и лIыкIуэ Уэдыжь Хьэсанш пэкIум зыкъэрезыгъэхьэлIахэм яжриIащ КIыщокъуэ Алим усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэу зэрыщытам къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэ пэрытуи, жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъухэр иIыгъыуи къызэрыгъуэгурыкIуар, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ зэралъэгъуар, къэрал дамыгъэ куэд къызэрыхуагъэфэщар, цIыхум я гум фIыкIэ къызэринар. Ар къытеувыIащ щIыналъэм и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным КIыщокъуэр зэрытелэжьам, и псалъэм пщIэшхуэ зэриIам, Хэкум и къуэ пэжу зэрыщытам дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыпэкIуам. Лъэпкъ литературэхэр зыгъэбея усакIуэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ Хэку зауэшхуэм зэрызэришэлIам, зрихьэлIа гугъуехьхэр зэдагъэпсынщIэу псэуху ахэр зэныбжьэгъуу, унагъуэкIэ зэкIэлъыкIуэу, махуэшхуэхэр зэдагъэлъапIэу зэрыщытами тепсэлъыхьащ Хьэсанш.

- «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» щIыхьыцIэр абы къыщыхуагъэфэщам, республикэм ис лъэпкъ псоми я махуэшхуэт. КIыщокъуэм и фэеплъымрэ абы и гуащIэмрэ зэи тщыгъупщэнукъым! - жиIащ Уэдыжьым.

КIыщокъуэ Алим и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, пэкIум хэтахэр усакIуэр къыщалъхуа икIи щыщIалъхьэжа Щхьэлыкъуэ къуажэм, абы дэт и фэеплъ музейм кIуащ. Аращ щахъумэр къыщIэна хьэпшыпхэр, сурэтхэр, тхылъхэр. ТхакIуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ягу къагъэкIыжа нэужь, и усэхэм адыгэбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи, урысыбзэкIи къеджащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*




**Гу зылъытапхъэ**

## ЩIалэгъуалэ хэхакIуэ комиссэм хагъэхьэнухэр къагъэлъагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ХэхакIуэ комиссэм щIыналъэм щылажьэ политикэ партхэр, щIэныгъэ нэхъыщхьэрэ курытрэ езыт еджапIэхэр, республикэм егъэджэныгъэм пыщIауэ щылажьэ IуэхущIапIэхэр, еджапIэ, лэжьапIэ, щIыпIэ щхьэхуэхэм епха хэхакIуэ гупхэр щыгъуазэ ещI КъБР-м и ЩIалэгъуалэ хэхакIуэ комиссэм хагъэхьэнухэр къыщагъэлъэгъуэну пIалъэр къызэрызэIуахам.

КъБР-м и ЩIалэгъуалэ хэхакIуэ комиссэм ухагъэхьэн папщIэ, узыхуэныкъуэну дэфтэрхэр КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и интернет хэщIапIэм къыщывгъуэтынущ: http://kabardin-balkar.inp.cikrf.cp\molodezhnaya-komissiya-kbr\

Хагъэхьэнухэр къагъэлъэгъуэну хуитщ 2026 гъэм мазаем и 27 пщIондэ мы хэщIапIэмкIэ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, 360028, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 27. ФызыщIэупщIэхэм щыгъуазэ зыщыфщIыфынущ мы телефонымкIэ: +7 (8662)40-72-16. Электрон пощтыр: ik.kbr@mail.ru

**Сталинград зауэ**

# ЛIыхъужьыгъэм и къалэ



**Апхуэдиз жэщ-махуэкIэ яхъумащ Сталинград къалэр, зауэ нэхъ гущIэгъуншэ дыдэ щекIуэкIа щIыпIэу тхыдэм къыхэнар. Ар яхъумэу хэкIуэдат е уIэгъэ хъуат совет зауэлIрэ офицеру мелуаным щIигъу. Бийм я хэщIыныгъэр цIыху мелуанрэ ныкъуэм нэблагъэрт. Хэку зауэшхуэр зэрыщIидзэрэ япэу Германием абы иужькIэщ лъэпкъ щыгъуэ къыщыхилъхьар...**

1995 ГЪЭМ гъатхэпэм и 13 лъандэрэ мазаем и 2-р Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ, 1943 гъэм советыдзэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Сталинград зауэм щыхигъэщIауэ зэрыщытар и лъабжьэу. Тхыдэм къызэрыхэнащи, а зэхэуэр 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м щIидзэри, 1943 гъэм мазаем и 2-м иухауэ арат.

Сталинград зауэр лъэхъэнитIу зэхагъэщхьэхукI. Япэр зыхъумэжыныгъэм тегъэщIауэ щытащ - 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м щегъэжьауэ щэкIуэгъуэм и 18 пщIондэ. Советыдзэр лъэщу пэщIэтащ Сталинград зы удынкIэ къэзыщтэну зи мурада бийм. ЕтIуанэ лъэхъэнэм ебгъэрыкIуэныгъэм щIадзащ - 1942 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м къыщыщIэдзауэ. Дзэ Плъыжьым нэмыцэхэм я къару нэхъыщхьэхэр къаухъуреихьри зэхакъутат: абыхэм яхэтт 4-нэ танк, 6-нэ лъэсыдзэхэм щыщхэри, Германием и IупэфIэгъухэм я гупхэри.

Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр кIэщIу къыхэдгъэщмэ:

1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м Сталиным къыдигъэкIа унафэ №227-м итт: «Зы лъэбакъуэкIи фыкъимыкIуэт!»

1943 гъэм щIышылэм и 4-м командованэ нэхъыщхьэм иубзыхуащ «Уэрдыхъу» фIэщыгъэм щIэт операцэр.

ЩIышылэм и 10-м и пщэдджыжьым дзэр ебгъэрыкIуэн щIидзащ.

ЩIышылэм и 26-м и пщыхьэщхьэм ирихьэлIэу ди дзэхэм бийр Сталинград Iуагъэхуэтащ, 1943 гъэм мазаем и 2-м ахэр зэхакъутэпащ. ЕбгъэрыкIуэныгъэм хыхьэу, бийм и дивизэу 32-рэ гупищрэ якъутащ, 16-м хэщIыныгъэу ягъуэтар процент 50-м къыщыщIэдзауэ 75-м нэсырт.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм я мурадахэм ящыщт 1942 гъэм и гъэмахуэм СССР-м и ипщэ лъэныкъуэм советыдзэр щызэтракъутэныр, Кавказ щIыдагъэхэр зыIэщIаубыдэныр, мэкъумэшкIэ бей Донрэ Кубанрэ я унафэм щIагъэувэныр, къэралым и щыхьэрымрэ Кавказ щIыналъэмрэ я зэпыщIэныгъэр къызэпауду, Хэку зауэшхуэр езыхэм я текIуэныгъэкIэ яухыныр.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, къалэр ятыныр абы щыгъуэм лIэныгъэм хуагъадэрт. Зэхэуэхэр хьэблэ къэс, дэтхэнэ унэм щхьэкIи ирагъэкIуэкIырт, уеблэмэ къалэм и вокзал нэхъыщхьэр 13-рэ зэIэпахауэ щытащ. ИтIани, совет цIыхубэмрэ Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэмрэ заIыгъыфащ. 1943 гъэм щIышылэм и 31-м нэмыцэдзэхэм я унафэщIхэм ящыщ Паулюс Фридрих гъэру зитащ, къаухъуреихьа 6-нэ нэмыцэдзэм и гупми абы и лъэужьыр 1943 гъэм мазаем и 2-м яхуащ.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и кIуэцIкIэ Сталинград деж щекIуэкIа зауэшхуэр нэхъ гуащIэ дыдэхэм хабжэ икIи абы иужькIэ советыдзэхэр нэхъ тегушхуауэ ебгъэрыкIуэ хъуащ, нэмыцэхэм я мурадхэр къызэпауд зэпыту. Сталинград деж нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр зэрыщыхагъэщIам игъэлъэхъшат Германием и IупэфIэгъухэм къыхуаIэ дзыхьыр. Япониемрэ Тыркумрэ къытекIыжын хуей хъуащ СССР-м къыпэщIэувэну ящIа мурадхэри.

Сталинград деж къыщахьа текIуэныгъэр ди дзэхэм я лъэщагъым, зауэлIхэм я лIыхъужьыгъэм я нэщэнэт. Зауэм къыщагъэлъэгъуа хахуагъэм пэкIуэу, дзэ часть 44-м щIыхьыцIэхэр фIащат, 55-р орденхэмкIэ ягъэлъэпIат, 183-р гвардейскэ ящIат. ЗауэлI, офицер минипщI бжыгъэхэм дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщат, нэхъ къыхэжаныкIа цIыхуи 112-м «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр фIащат. «Сталинград зэрахъумам папщIэ» медалыр а зауэм хэта цIыху мин 700-м иратауэ щытащ. 1945 гъэм и накъыгъэм Сталинград «Къалэ-ЛIыхъужь» цIэр хуэфащэ дыдэу иратащ.

Сталинград зауэм я лIыхъужьыгъэкIэ къыхэщащ бзылъхугъэхэри. Абыхэм ящыщу тхыдэм зи цIэр къыхэна хъыджэбз хахуэт зи ныбжьыр илъэс 12 фIэкIа а зэманым мыхъуауэ ирихьэлIа Радыно Люсэ. Сабий унэм и гъэсэныр зэуапIэм кIуэныр езым и жэрдэмт. Абы и къалэн хъуар бийм и тIасхъэр щIэхынырт. Люсэ нэмыцэхэм яубыдат, арщхьэкIэ къаIэщIэкIыжыну хузэфIэкIри, хъыбар къыщIиIукIари къихьыжат. Гуп унафэщIхэм хъыджэбзыр ягъэлъэпIат «Хахуагъэм папщIэ», «Сталинград зэрихъумам папщIэ» медалхэмкIэ.

1077-нэ полкым и зенит батареищым хэт бзылъхугъэхэм шыщхьэуIум и 23 - 24 махуэхэм къриубыдэу танк 83-м ныкъусаныгъэ иратащ, абы щыщу 33-р якъутащ. А зэхэуэм хэтауэ къелар мащIэт - Нешпор Валя, Ширяевэ Нинэ, Григорьевэ Валя сымэ.

Ковалёвэ Ольгэ Хэку зауэшхуэм ипэкIэ Мартен хьэкухэм япэ цIыхубз-жыргъавэу щылэжьат, зэуапIэм дэкIа нэужьи, «Красный Октябрь» заводым и гупми абы и за- къуэт бзылъхугъэу яхэтар. Ар хэкIуэдащ Мелиоративнэ къуажэм бийр къыщытеуам.

Литвяк Лилие ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и илъэсхэм цIыхубз истребитель нэхъ лъэрызехьэу, авиацэ гупым я унафэщIу щытащ. 1942 гъэм фокIадэм и 13-м Сталинград деж бийм я кхъухьлъатэу тIу зэуэ къыщриудыхат. 1943 гъэм абы ордениплI къыхуагъэфэщащ. А гъэ дыдэм и шыщхьэуIум хэкIуэдащ. 1990 гъэм и накъыгъэм Совет Союзым и ЛIыхъужьым и дыщэ медалымрэ Лениным и орденымрэ хуагъэфэщащ, езыр мыпсэужу.

Сталинград и уафэгур зыхъумахэм ящыщщ кхъухьлъатэзехуэ Нечаевэ Клавдие. Абы и нэIэ ятетт кхъухьхэмрэ хьэлъэ зэрылъ баржэхэмрэ. Уэгум щекIуэкIа зауэм хэкIуэдащ, бийр къызэбгъэрыкIуа и командирыр ихъумэн и гугъэу. Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

Королёвэ Гуля 214-нэ фочауэ гупым и санинструктору щытащ. 1942 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м уIэгъэ хъуа зауэлI 50 зэуапIэм къыIуихат. Я унафэщIыр щыхэкIуадэм, бзылъхугъэм зауэлIхэр зэуэну къызэщIигъэуIуэри, езыр япэу бийм я щIытIым ихьащ, лагъым зыбжанэкIэ нэмыцэу 15 иукIащ. Абы уIэгъэшхуэ къытехуат, арщхьэкIэ зэуэн щигъэтакъым, щIэгъэкъуэныр къэсыху. 1943 гъэм щIышылэм и 9-м Бэракъ Плъыжь орденыр хуагъэфэщащ, езыр мыпсэужу.

Щапхъэу къытхуэхьыр мащIэми, Хэку зауэшхуэм хэта дэтхэнэми лIыгъэ зэрызэрихьар шэч зыхэмылъщ, икIи щIэблэм ар ящIэн хуейщ. Нобэ Волгоград (Сталинград) тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэ куэд щыIэщ, совет цIыхубэм я лIыхъужьыгъэм и щыхьэту. Ауэ абыхэм псоми къахощ, Сталинград зыхъумахэм я фэеплъу ягъэувауэ щыта «Хэку-анэр къоджэ» зыфIащар (ар зэраухуам, елэжьахэм, и мыхьэнэм теухуа тхыгъэ щхьэхуэ ди газетым нэхъ ипэкIэ къытеддзауэ щытащ).

ЛIыхъужьхэм я жыг хадэр 1985 гъэм фокIадэм и 8-м къызэIуахауэ щытащ, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм, ЩIыхь орден зыхуагъэфэщахэм, Сталинград зауэм и лIыхъужьхэмрэ Волгоград щIыналъэм щыпсэухэмрэ я щIыхькIэ.

Паникахэ Михаил и фэеплъри мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэщ. Скульптурэм къигъэлъагъуэр Совет Союзым и ЛIыхъужьым иужьрейуэ бийм и танкым зэребгъэрыкIуэ лагъымыр щидз дакъикъэрщ. Абы и гъащIэр щIитащ совет лъэсыдзэ гупым хэтхэр зэтриукIэну зи мурада нэмыцэ танкыр къигъэувыIэным.

Сталинграддэсхэм я фэеплъ Iутщ Индыл псы Iуфэм - нэмыцэ бомбэ килограмм 500 зи хьэлъагъыр цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ къащхьэщыт хуэдэщ.

Мы фэеплъхэми адрейхэми ягъэзащIэ мыхьэнэр, нэхъ ищхьэкIи зэрыщыжытIауэ, мамырыгъэм папщIэ зи псэ зытахэр зэрытщымыгъупщэрщ, ауэ абыи и мызакъуэу ахэр щIалэгъуалэм гъуазэ яхуохъу хэкупсэу къэхъун зэрыхуейр зэхащIыкIынымкIэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ЩIыналъэ МФЦ-р нэхъыфIхэм ящыщщ

**Мы махуэхэм Москва щекIуэкIащ Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэзыщIэ центрхэм я XI урысейпсо форум. Абы зэхуишэсащ къэрал, щIыналъэ унафэщIхэр, «Мои документы» Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ IэнатIэм и IэщIагъэлIхэр, бжыгъэрылъанэ Iэмалхэмкlэ экспертхэр. Форумым и къызэгъэпэщакIуэщ Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ Москва къалэм и Правительствэмрэ. ЗэIущIэм и модератору щытащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэфIагъэкI IэнатIэм (МФЦ) илъэс 15-м къриубыдэу щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм, цIыхухэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэм къэралым гулъытэ нэхъыбэ хуищI зэрыхъуам, бжыгъэ технологиехэр къызэрагъэсэбэпым, щIыналъэхэм щыIэ МФЦ-хэр я лэжьыгъэм зэрехъулIэм.

Форумым къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкlэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Медведев Дмитрий, УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей, УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Григоренкэ Дмитрий, Банк Нэхъыщхьэм и унафэщI Набиуллинэ Эльвирэ, «Урысейм и Сбербанк» ПАО-м и правленэм и тхьэмадэ Герман Греф сымэ.

Форумым къыщыхагъэщащ КъБР-м Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ и IэнатIэм и лэжьыгъэр ехъулIэу зэрырихьэкIыр. Григоренкэ Дмитрий щIыналъэ МФЦ-м и унафэщI АфIэунэ Аслъэн ФIыщIэ тхыгъэ къыхуигъэфэщащ, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм щыхуащIэ центрхэм зегъэужьыным, ахэр егъэфIэкIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ.

2025 гъэм КъБР-м Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ и IэнатIэр лъэIу тхыгъэу мелуан 1,6-м щIигъум хэплъащ икIи Iуэхутхьэбзэу 810-рэ игъэзэщIащ. Ар 2024 гъэм ящIа лэжьыгъэм нэхърэ процент 20-кIэ нэхъыбэщ. Нэхъыбэу зэфIагъэкIа Iуэхутхьэбзэхэр Социальнэ фондым, Росреестрым, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьыгъэхэм епхащ.

Республикэм и Перинатальнэ центрым МФЦ-м и къудамэ къызэрыщызэIуахар IэнатIэм и зэфIэкIым зэрызиубгъум и щыхьэтщ икIи ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Иджы адэ-анэхэм зы щIыпIэ деж къыщыдахыфынущ сабийр къызэралъхуам щыхьэт техъуэ тхылъыр, СНИЛС-р, ИНН-р, фIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэм и полисыр.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 31**, *щэбэт*

♦**ДыщэкIым и дунейпсо махуэщ**

♦**1924 гъэм** Советхэм я етIуанэ съездым къыщащтащ СССР-м и япэ Конституцэр.

♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ республикэм и къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.

♦**1996 гъэм** къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным теухуа къэрал программэр.

♦**1837 гъэм** къалъхуащ тхыдэдж, филолог, журналист **КIашэ Адэлджэрий**.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ адыгей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу щыта, композитор, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Сэмэгу Гуэщнагъуэ**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ журналист **Ныбэжь Таисэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 8, жэщым щIыIэр градус 0 - 1 щыхъунущ.

**Мазаем и 1**, *тхьэмахуэ*

♦**1829 гъэм** Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэIуихащ сабий нэхъ акъылыфIэхэр щрагъэджэну школ.

♦**1929 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къардэн Лъостэнбий**.

♦**1932 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лъэпщокъуэ МутIалиб**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ археолог, шапсыгъ лъахэдж, узэщIакIуэ **ТIэш Мадин**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ **Куэшбей Пщымахуэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градус 0 - 2 щыхъунущ.

**Мазаем и 2**, *блыщхьэ*

♦**Псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ**

♦**1943 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ «Хэку зауэшхуэм партизану хэтам» и медалыр, япэ, етIуанэ нагъыщэхэр зиIэр, къащтэну.

♦**1892 гъэм** къалъхуащ хамэ къэралыр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа профессор, «Шэрджэсхэр къызытекIар» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI **Нэмитокъуэ Айтэч**.

♦**1898 гъэм** къалъхуащ Франджым и ЛIыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ «Ленин гъуэгу» газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джаурджий Iэбисал**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ композитор, Адыгей къэрал университетым гъуазджэхэмкIэ и институтым и япэ ректору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кубаным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, профессор **КIыкI Хьисэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешхкъесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым градус 0 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыIэкъым.**

# ТхакІуэ, уэрэджыІакІуэ, ІуэрыІуатэдж

● Фэеплъ

**Псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэта, гуащІэдэкІым и ветеран Шэрджэс Алий Инус и къуэм.**



УСАКІУЭ, уэрэджыІакІуэ, ІуэрыІуатэдж Шэрджэс Алий тхыдэ напэкІуэцІхэм химыгъэткІухьыжу пасэрей шыкІэпшынэм и макъыр ихъумэрт, лъэпкъ хабзэр зэхуихьэсыжырт, а псори щІэблэм я пащхьэ къырилъхьэрт. Алийт КъШР-м япэ Адыгэ Хасэ къыщызэзыгъэпэщар, ар 1986 гъэм Хьэбэз районым щызэхишат. Игури и псэри етауэ нэхъыжьыфІыр хуэлэжьащ къызыхэкІа лъэпкъым.

Ар 1936 гъэм щІышылэм и 15-м Хьэбэз (Къэсейхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Совет цІыхубэм Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къыщихьа 1945 гъэм еджапІэм щІэтІысхьэри, 1955 гъэм ар къиухащ. А илъэсым и жэпуэгъуэ мазэм дзэ къулыкъум ираджащ, артиллерие дзэ полкым хэтащ, сержанту къигъэзэжащ.

1958 гъэм Ставрополь Мэкъумэш институтым и зоотехние факультетым щІэтІысхьэри, илъэситхукІэ щеджащ. ЕджапІэ нэхъыщхьэр 1963 гъэм къиухащ икІи пенсэм кІуэху и ІэщІагъэм пэрытащ.

Еджами лэжьами, зы махуэ дигъэкІакъым усэ имытхыу, уэрэд макъамэ имыусу. Дахэу къафэрт, уэрэд жиІэрт, шыкІэпшынэм еуэрти, художественнэ самодеятельностым хэт зэпыту къекІуэкІащ. Уеблэмэ «Іэдииху» Хьэбэз цІыхубэ ансамблым хэту Москва Съездхэм я уардэунэм щыІащ, Польшэм щекІуэкІа фестивалым, нэгъуэщІ щІыпІэхэми зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы утыкум ирихьар адыгэ лъэпкъым и пщІэр зыІэт Іэзагъэщ, дахагъэщ.

АдыгэбзэкІэ и япэ усэр 1949 гъэм гъэмахуэм итхащ Алий, аращ «Гъэмахуэ пщэдджыжь» щІыфІищари. А усэр газетым къытрадза нэужь, сытым дежи щІэщыгъуэ гуэрхэмкІэ газетеджэхэр игъэгуфІащ. Абы лъандэрэ Шэрджэсым къыдогъуэгурыкІуэ къалэмыр, ар и ІэдакъэщІэкІхэмкІэ хоплъэж адыгэм и тхыдэм, зэман жыжьэм къыІэпихыжым хуэдэщ лъэпкъым и къекІуэкІыкІам хуэгъэза пытхъахуэхэр. Къапщтэмэ, газет напэкІуэцІхэращ Алий и творчествэм зыщиужьар. 1995 гъэм ар хагъэхьащ Урысейм и ТхакІуэхэм я союзым.

Алий тхылъ зыбжанэ и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Абыхэм ящыщщ щІэджыкІакІуэхэм япэу къызэрацІыхуа «Гъатхэ уэрэдхэр» (1981) тхылъыр. Абы къыкІэлъыкІуащ «Ди лъахэм и хъыбархэр» (1989), «Адэм и мэІуху» (1994), «Адэжь хъыбархэр» жыхуиІэхэр. «АдыгэцІэхэр» тхылъыр 2007 гъэм къыдэкІащ, абы адыгэцІэу мин 16-м щІигъу итщ, адыгэбзэкІи урысыбзэкІи къэхьауэ. 2009 гъэм дунейм къытехьащ «Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ едгъэза псалъэхэр» тхылъыр.

«Ди лъахэм и хъыбархэр», «Адэм и мэІуху», «Адэжь хъыбархэр» тхылъхэм усэкІэ къыщиІуэтащ адыгэ хъыбарыжьхэр.

И къуажэгъу Хьэкъун Мухьэмэд щІыгъуу 2000 гъэм Мейкъуапэ къыщыдигъэкІащ «Адыгэхэмрэ абыхэм я хабзэхэмрэ» тхылъ щхьэпэр. Ар тхакІуэхэм ятхат ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и лъэІукІэ. А зы тхылъым фІэкІа Алий и Іэдакъэм къыщІэмыкІами, абыкІэ и цІэр адыгэ тхыдэм хитхагъэххэщ абы. Зи гур, зи псэр лъэпкъым хуэуз дэтхэнэ зы цІыхум и дежкІи тхылъыр гупсысэгъэуш хъуащ, лъэпкъ хабзэм и гущэу уеджэ хъунущ абы и дэтхэнэ напэми.

«Инжыдж и макъ» цІыхубэ уэрэдхэр зэрыт тхылъым (абы уэрэди 120-рэ щызэхуэхьэсащ), псалъэжьу, псалъэ шэрыуэу мини 10-м нэс, цІыхубэ гушыІэу щэ бжыгъэм ущрохьэлІэ.

ІуэрыІуатэм дихьэх усакІуэу зэрыщытым къыхэкІыу, Алий и насып къихьащ ди къэралым икІа гупым яхэту, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 130-рэ щрикъуам Тыркум кІуэуэ абы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм яІущІэну. ЕтІуанэу 2003 гъэм аргуэру Тыркум щыІащ икІи адыгэ хабзэр хъума зэрыхъуным теухуа зэІущІэм хэтащ.

Алий зэхуихьэсыж ІуэрыІуатэр, уэрэдыжьхэр лъэпкъым и гъуэгугъэнахуэщ, къэкІуэну щІэблэм лъабжьэ яхуэхъунущ. УсакІуэм и мащІэкъым ІуэрыІуатэм хуэгъэза тхыгъэхэр, зэпымыууэ и нэІэ щІигъэтщ анэдэлъхубзэр хъумэныр, абы зегъэужьыныр. Абы и щыхьэтщ Алий зэманым тхыдэм хипхъэжа псалъэхэр къызэрыхищыпыкІыжар, зэрызэхуихьэсыжар. Анэдэлъхубзэр джыныр, ІуэрыІуатэр зэщІэкъуэжыныр, щІэблэм лъабжьэ яхуэхъун щытыкІэхэр гъэтІылъыныр - мыхэр Шэрджэсым и пщэрылъ нэхъыщхьэу псэуащ. Алий игъэгузавэ зэпытт адыгэбзэм и Іуэхур нэхъ кІащхъэ зэрыхъум, хабзэхэр зэманым зэрыхэпшэхъуэжым.

Шэрджэс Алий фІыщІэ хуэпщІын къудейр мащІэщ, и ІэдакъэщІэкІ убгъуам, лъэпкъым щІэину къыхуигъэнам, и щІалэгъуэ лъандэрэ зэхиха хъыбарыжьу ди пащхьэм къырилъхьэжам папщІэ.

Абы теухуауэ тхакІуэ Тут Тезадэ жеІэ: «Алий итхыжа адэжь хъыбархэр бзэ къабзэрэ бзэ дахэкІэ къызэриІуэтэжам и закъуэкъым а лэжьыгъэм и фІагъыр, щхьэпагъыр зыхэлъыр. АтІэ ди лъэпкъым къикІуа гъащІэ гъуэгуанэм дыщриплъэжкІэ, хабзэр ткІийми, ахэр къызэрагъэсэбэп, абы тету псэухэу зэрыщытар ди нэгу къыщІигъэхьэфащ. Нэмыси напи щыщымыІэж дызэрыт зэманым а хабзэжьхэм къагъэзэжатэмэ, ди зэхэтыкІэр куэдкІэ нэхъыфІ хъунут. Хъыбархэм къазэрыхэщыжымкІэ, адыгэм псом япэ иригъэщырт къабзагъэр, пэжагъыр, нэмысыр, ар зымыгъэзащІэм щысхь зэрыхуамыІэр наІуэу къыщыгъэлъэгъуащ.

Ди лъэпкъым и хабзэ-бзыпхъэм къищынэмыщІа, я щэн, гъэсэкІэ, псыхьыныгъэм куэду ущыхуозэ зи гугъу сщІы тхылъым. Икъукlэ згъэщІэгъуащ адыгэлІ шууейм къамышыр зэи къигъэсэбэпу зэрыщымытар, атІэ ар фащэм и гъусэу, ІэпщэмфІэдзауэ къыздрихьэкІ къудейт, армыхъумэ зэи шым абыкІэ еуэтэркъым. ШхуэмылакІэри апхуэдэ дыдэт, ар щысхьыншэу зэи къыжьэдикъуэртэкъым. АдыгэлІым шыр зэрызэригъакІуэр, зэригъэІурыщІэр и лъэгуажьэхэмрэ и лъэдакъэхэмкІэт. Хэт щІалэгъуалэм ящыщу нобэ ар зыщІэр? А тхылъыр щыщІэзджыкІым, си щхьэм хуэстхыжащ псалъалъэ гъэщІэгъуэн, нобэр къыздэсым сымыщІа, зэхэзмыха псалъэ куэд хэтти».

Шэрджэс Алий и гъащІэр къызэрекІуэкІам уриплъэжмэ, умыгъэщІэгъуэн плъэкІынукъым и ныбжьым хуэфащэ хьэл-щэн хэлъу сыт щыгъуи зэрыщытар. И щІалэгъуэм нэхъыжь Іумахуэхэм я гур хэзыгъахъуэ нэхъыщІэ Іэдэбт, жаІар тІу зымыщІ жыІэдаІуэт. Унагъуэ ищІу езым и «абгъуэ» щиухуэжами, щхьэгъусэ щыпкъэт, адэ гу щабэт. И ныбжьыр хэкІуатэу «жьыщхьэ махуэ» жыхуаІэм щынэсам, а ныбжьым хуэфащэу нэхъыжьыфІ хъуащ, и зыІыгъыкІэмрэ и псалъэ шэрыуэхэмрэ нэхъри и пщІэр яІэту.

Алий зыцІыхуу щытахэм, и ныбжьэгъухэм жаІэж дахэу къафэу, шыкІэпшынэм макъамэхэр къригъэкІыу, абы дежьууэ гупыр игъэгупу зэрыщытар...

Езыр щыпсэуа Хьэбэз дэса ІуэрыІуэдзхэм, куэд зи нэгу щІэкІахэм, нэхъыжь гумызагъэхэм къадэгъуэгурыкІуахэм захуигъазэрт, ахэр игъэпсалъэт, блэкІа жыжьэм зэхахахэмрэ я нэгу щІэкІахэмрэ я гум къыщигъэушыжырт. Ахэр итхыжырти, Іэмал зэриІэкІэ, цІыхум яхихьэжырт. Алий езым и дуней тетыкІэр адрейхэм щапхъэ яхуэхъурт, зэхуихьэсыжу утыку кърихьэж лІыхъужь хъыбархэри куэдым я гъуэгугъэлъагъуэт.

А адыгэлІ щыпкъэр зыцІыхуу щыта, акъылрэ напэрэ зиІэ дэтхэнэри щыхьэт техъуэфынущ абы жиІэмрэ ищІэмрэ зэтехуэу, и бзэм хуитыжу, гуп хыхьэкІэрэ хэкІыкІэрэ ищІэу, «нэхъыжь» цІэм хуэфащэу зэрыщытам. Ар нэхъыжьт... НэхъыжьыфІт...

Алий хузэфІэкІащ ди псыхъуэхэм щызекІуа хабзэ щхьэхуэхэр зэригъэуІуу уасэншэ гъащІэ гъуэмылэу щІэблэм яІэрилъхьэн. Абы и ІэдакъэщІэкІхэр я нэмрэ я псэмрэ хуахьу къыщагъэсэбэпыр Къэрэшей-Шэрджэсым и закъуэкъым, атІэ Къэбэрдей-Балъкъэрми Адыгэ Республикэми щыщІаджыкІ. Ар сытым дежи хэтт ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щІыпІэхэм къыщаІэт Іуэхухэм, и псалъэ яхилъхьэрт, нэхъыжьыфІхэм якъуэувэурэ нэхъыщІэхэр игъэгушхуэрт.

Шэрджэс Алий и Іэдакъэ къыщІэкІа усэхэри тхыгъэ нэхъ инхэри блэкІа зэман жыжьэмрэ нобэрей ди зэхэтыкІэмрэ зэзыпх, гуауэри гуфІэгъуэри уи нэгум къыщІэзыгъэхьэ сатырхэщ. И тхылъхэм нэмыщІ, абы и лэжьыгъэхэр «Черкес хэку» газетым къытехуэрт, телевиденэмкІэ къагъэлъагъуэрт адыгэлІ щэджащэм теухуа нэтынхэр.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**

## ШЭРДЖЭС Алий

### Гугъэмрэ гъуэгумрэ

Уэ ухуейми гъуэлъи щылъ, зэманым
Зы жьы шэгъуэ къэс пебжыкІ ди гъащІэм.
ТхукІэреч лъэбакъуэ бжыгъэу къанэм,
Пигъэувэу къэдгъэщІа тфІэмащІэм.
Уегупсысмэ, дунейри гъуэгуанэщ,
ЕкІу и гъуэгур хэти: дыгъэм, мазэм,
И пІэ иткъым дызытет щІы-анэр, -
Хьэрш гъунэншэм и гъуэгу ходжэразэ.
Псы ежэхми пхыречыф и гъуэгури,
Хым нехус е къумым ныхокІуадэ.
Я гъуэгу тетхэщ мафІэгури, выгу-шыгури,
Хэти иІэщ зыфІэмыкІ и мардэ.
ЦІыху къэсыхукІи иІэщи зы гугъэ,
ГъащІэ псом я гугъэм хуокІэрахъуэ.
Зым къохъулІэ, зыми хуож гурыгъыр,
Зыр насыпым, зыр бэлыхь хопшахъуэ.
Гугъэр кІыхьщ, дэтхэнэми къыфІощІыр
Дунеижьыр кІэншэу къритауэ.

### Сызыгъэгузавэр

Нобэрей ди гъащІэм сыпхырыплъу
Дызыхуейр, щытыкІэр зэзгъэпщэжмэ,
Къысхуимыхь тыншыгъуэ, хъуащи ди лъым
Хэлъ гунэф щытыкІэр, жыпІэм пэжыр.
Сэ сцІыхуж зэманым къриубыдэу
Захъуэжащ ди цІыхухэм гу ялъыптэу.
ЕфІэкІуами унэлъащІэ Іуэхур,
Ди цІыхугъэм кІуэ пэтми кІэрохур.
Ди къуажэжь дэсауэ нэхъыжьыфІхэм
ПІын-гъэсэнкІэ дэ ядэтлъэгъуахэм
Пэувын и пщІанэм - дгъуэтыжыфкъым,
Хэти ар лъэкІын мыхъун и жагъуэ?
Нобэрей нэхъыжьхэр зэІущІамэ,
Фадэ, убэ - арщ яку псалъэу дэлъыр.

Лъэпкъ гукъеуэм щІэблэр хуэузэщІамэ,
Зэрыхъунур мащІэщ зыІурылъыр.
Ди цІыхубзхэр я щапхъэм икІауэ,
ЗэкІуэкІынкІэ лІыхэм къобгъэрыкІуэ.
ЦІыхухъу куэди я лІыгъэм пыкІауэ,
Фызхэм яІыгъ ІумпІэм иризокІуэ.
ЩхьэзыфІэфІхэм къагупсыс «хабзэщІэр»
Зэрылъэпкъыу тхуохъур хьэкІэрынэ.
ЛІэщІыгъуэжьхэм япсыхьа Лъэпкъ Хабзэр
Зэщымыщхъу безынэу хъуащ нэрынэ.
ЩІэблэм деж зыгъази - уогузавэ,
ЗыщІэхъуэпсу щыІэр ахъшэ закъуэрщ.
Махуэ къэс жыпІэну аркъэр, пивэр
ДзэкІэ яз, темытыжыху я лъакъуэ.
ГуащІэдэкІи мылъкушхуи текІуадэу
Лъэпкъ и тхыдэу къытхудагъэкІыжхэр,
Сабэ защІэу щапІэхэм щохуадэ —
Хуэлэжьапхъэр лъэпкъ зыкъэІэтыжым.
Зэзэмызи щхьэфэцыр дэтэджу
Согупсыс: «ДыкІуэдыпауэ пІэрэ?
Ди зэмани, ди гуи демыблэжу
ДызыщІэкъур псыхэкІуадэу пІэрэ?
Аурэ хъумэ, тхыдэ дапхъэ сабэм
ЩымыІэж зы лъэпкъыу дыхохуэжкъэ?
Илъэс минхэм «хетт!» жезыгъэІа напэм
Ди ІэкІэ лъэпкъ сахуэр тыдотхъуэжкъэ!»
Хьэуэ! Бий нэхъ жагъуэм хуэмыщІари
Нобэ ди щхьэм хъункьым хуэдгъэфащэ.
Адыгэгукъэ ди бгъэм щыпыщІари,
Тхыдэжь ди бэщ мыхъуну пыдмыщэ!
Ей, Адыгэ! Ушыщхьэмыгъазэу
ЛІыщІыгъуэжь бгуэщІахэр зыхыумыщІэу,
Нобэ лъэкІыныгъэм къыдэгъази,
ІэбжьанипщІкІэ гъащІэм зыфІыхэщІэ.
ЗафІыхэщІи, лъэм утрамычыфу,
Убыдыж уи Хабзэ, уи ЦІыхугъэ!
Ди насып къимыхьми дэ тлъагъуфу,
Бынхэм иралъагъу уи къэралыгъуэ!
Бынхэр щІыребэн, си лъэпкъ, уи фІыгъуэ,
Уи щІы хейр лъэпкъ псоми хуэузэщІауэ.
Ирехъу Тхьэшхуэм гущІэгъу къыпхуищІауэ,
Хъуни узэрытетар гъуэгу мыгъуэ!..

### Хъанхэ я уэрэд

Хъанхэ фи Мулидхъан дахэр, маржэ
Уэркъ щауэм фи анэмэти.
Псэр зытахэм фи щэлэуатым, рэи-иэ,
МелыІычхэр щыту йодэІури.
ДотІысри нэмэзыр дощІыр, маржэ,
Дотэджри - лъыпсыр догъажэ.
КІэмыргуеймэ фи пэпс къыпыжу, рэи-иэ,
Бжьэдыгъу тІэкІур евгъэухакъэ.
Зауэшхуэм хэкІуадэ щІалэр, маржэ,
Шэиту ягъэлъэгъуакъэ.
КъэкІуэнур зымылъагъужынухэр, рэи-иэ,
Хэкужьыкхъэм щорэхьэтыжхэ.
Хъанхэ фи Мулидхъан дахэм, маржэ,
Джатэ Іэпщэм дэнлъэч къыфІещІэ.
Хъан и къуэу Исмэхьилышхуэр, рэи-иэ,
Топышэшхуэм зэфІимыгъащІэт.
Адыгэм ди ныбжь мыгъуэжьу, маржэ,
Зэдэщтэр къыдэмыхъулІэ.
ЗылІ унафэм дыщІэмытыфу, рэи-иэ,
Зырызыххэу дыкъаухыпэр.
Жасусхэу зи напэр фІыцІэм, маржэ,
Инэралхэм Хэкур иращэ.
Зи нэмысыр зыщэжа хьэсэм, рэи-иэ.
Урысыдзэр ди щІыб къыдашэр.
Дин Іуэхур зи Іэщэ хъухэм, маржэ,
Хэку икІыныр лъэпкъым къытхалъхьэ.
Джаур зауэм ди щхьэр хэтлъхьэнуми, рэи-иэ,
ХамэщІым Тхьэм дыщихъумэ!
Хъан и къуэу Исмэхьилышхуэр, маржэ,
Залымыгъэм зэремызэгъи,
Хэку бгынэным демызэгъыну, рэи-иэ,
Тхьэлъанэ зэхуэдывгъэщІкъэ!
Хъанхэ фи Мулидхъан дахэр, маржэ,
Уэркъ щауэм фи анэмэти,
Ди мыгъуагъэм и анэмэту, рэи-иэ,
Мы уэрэдыр къыфхудогъанэ.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мазаем и 2

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «КАПКАН НА СУДЬЮ» (16+)
00.10 «Время героев» (16+)
01.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ОМУТ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
03.30 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)

### НТВ

04.50, 08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.10 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ПЕРВЫЙ ОТДЕЛ» (16+)
22.15 Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
00.30 «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
01.05 Т/с «ФЕНИКС» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.25 Х/ф «ФАРТОВЫЙ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
11.30, 13.25 Х/ф «РАЗМАХ КРЫЛЬЕВ» (16+)
14.00, 15.05, 17.15 Т/с «РОЗЫСКНИК» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ЗАБУДЬТЕ СЛОВО «СМЕРТЬ» (16+)
00.55 Х/ф «ГОЛУБЫЕ ДОРОГИ» (16+)
02.20 Х/ф «СВЕТЛЫЙ ПУТЬ» (16+)
03.55 Т/с «РОЗЫСКНИК» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Д/с «Первые в мире»
07.35 Черные дыры. Белые пятна
08.15 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
08.45 Х/ф «ГОЛУБОЙ КАРБУНКУЛ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15, 01.10 «ХХ век»
11.55 Д/ф «Роман в камне»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Линия жизни
13.50 Х/ф «О ТЕБЕ» (16+)
15.25 Агора
16.30 Д/с «Передвижники»
17.15 Д/ф «Роман в камне»
17.40 Исторические концерты
18.20 Рассказы из русской истории
19.45 Главная роль
20.00 Правила жизни
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.45 Д/ф «Книга»
21.30 Д/ф «Метод Альбины Шагимуратовой»
22.15 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
00.15 Д/с «Археология 3.0. Технологии, раскрывающие прошлое»
01.45 Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

06.00 «Лига в лицах» (12+)
06.30 Магия большого спорта (12+)
07.00, 09.10, 12.55, 15.00 Новости
07.05, 12.25, 18.45, 22.00, 00.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.15 «Специальный репортаж» (12+)
09.35 «Лучшие из лучших» (12+)
10.05 Спортивный дайджест (16+)
11.00 Смешанные единоборства. А. Волкановски - Д. Лопес. UFC. Трансляция из Австралии (16+)
13.00 Есть тема! Прямая трансляция
14.30 «Человек из футбола. Виктор Онопко» (12+)
15.05 Громко. Прямая трансляция
16.25 Хоккей. «Стальные Лисы» (Магнитогорск) - «Толпар» (Уфа). Olimpbet Чемпионат МХЛ. Прямая трансляция
19.15 Хоккей. «Северсталь» (Череповец) - «Спартак» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
22.35 Футбол. «Удинезе» - «Рома». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
02.00 Легкая атлетика. Мировой тур в закрытых помещениях. Трансляция из США (16+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Волейбол. «Локомотив» (Калининградская область) - «Заречье-Одинцово» (Московская область). Чемпионат России. Суперлига. Женщины (6+)

## Гъубж, мазаем и 3

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «КАПКАН НА СУДЬЮ» (16+)
00.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ОМУТ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.10 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
03.30 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)

### НТВ

04.40, 08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.10 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ПЕРВЫЙ ОТДЕЛ» (16+)
22.15 Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
00.30 «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
01.05 Т/с «ФЕНИКС» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.25 Х/ф «РОЗЫСКНИК» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Х/ф «ЛАРЕЦ МАРИИ МЕДИЧИ» (16+)
13.25, 15.05, 17.15 Т/с «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Улика из прошлого» (16+)
21.00 «Открытый эфир» (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «ЛАРЕЦ МАРИИ МЕДИЧИ» (16+)
01.05 Х/ф «ЗАПАСНОЙ ИГРОК» (16+)
02.20 Х/ф «ЗАБУДЬТЕ СЛОВО «СМЕРТЬ» (16+)
03.40 Х/ф «ПОДВИГ РАЗВЕДЧИКА» (16+)
05.10 Д/с «Москва фронту» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Диалоги о животных
07.20 Д/с «Археология 3.0. Технологии, раскрывающие прошлое»
08.20, 22.15 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.15, 01.05 «ХХ век»
12.45 Новости. Подробно. Книги
13.00 Д/с «Археология 3.0. Технологии, раскрывающие прошлое»
13.55 Д/с «Запечатленное время»
14.20 Д/ф «Театр Валентины Токарской. История одной удивительной судьбы»
16.30 Д/с «Коллекция»
17.15 Больше чем любовь
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Курчатов класс» (12+)
**17.25** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». ПщыукI Латмир (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, мазаем и 7**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** «Дыгъасэ. Нобэ. Пщэдей». Тхьэбысым У. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, мазаем и 8**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** «Зэманым и лъэужьхэр» (12+)

# «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, мазаем и 2**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, мазаем и 3**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, мазаем и 4**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, мазаем и 5**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, мазаем и 6**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
**20.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, мазаем и 7**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, мазаем и 8**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

# Жылагъуэ гъащІэм и пкъощІэсэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым цІыхубэм ІэщІагъэрэ щІэныгъэрэ зэрарит и программэхэр щыІэ егъэджэныгъэ пщалъэхэм хуэкІуэу зэрызэхалъхьэ щІыкІэхэм, лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыубыдэ щІэныгъэ лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщ Іэмалхэм зыбжанэ щІауэ гулъытэ ин щагъуэт дунейпсо утыкум. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мащІэкъым, ауэ нэхъ нэрылъагъухэм ящыщщ и ІэщІагъэлІхэр къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я университетхэм, щІэныгъэхутэ институтхэм, лъэпкъ центрхэм дунейпсо еджэныгъэ пщалъэхэр зэрагъэзащІэр къапщытэну, абдеж щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я фІагъыр къалъытэну зэрырагъэблагъэр.***

***Зи гугъу тщІы ехъулІэныгъэхэр КъБКъУ-м къыхуэзыхьхэм ящыщщ абы щэнгъасэмкІэ, психологиемрэ спорт щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм и доцент, физикэмрэ есэп щІэныгъэхэмкІэ кандидат Табыщ Тимур. Иджыблагъэ абы Таджикистаным и Лъэпкъ университетым егъэджэныгъэ-щІэныгъэ Іуэхухэр иригъэкІуэкІыну хуит зыщІ аккредитацэр етынымкІэ дунейпсо къэпщытакІуэ гупым и унафэщІу лэжьыгъэшхуэ кърихьэлІащ. Тимур иригъэкІуэкІ лэжьыгъэр зытеухуам, университетым и фІагъыр къэпщытэным къикІым тедгъэпсэлъыхьыну «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым иджыблагъэ къедгъэблэгъащ. Ди гуапэу едгъэкІуэкІа псалъэмакъыр щІэджыкІакІуэхэм я пащхьэ идолъхьэ.***

**- Тимур, иджырей университетхэм я лэжьэкІэм хэлъ фІагъ псори къызэрапщытэ пщалъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыщыІэм дыщыгъуазэщ. Мы Іуэхум нэхъ убгъуауэ укъытхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.**

- Пэжщ, иджырей еджапІэ нэхъыщхьэр лэжьэн папщІэ, и фІагъыр къызэралъытэ пщалъэхэр мымащІэу щыІэщ. Егъэджэныгъэм и къызэгъэпэщыкІэм къищынэмыщІауэ, абыхэм хохьэ ирагъэкІуэкІ щІэныгъэ лэжьыгъэри, дунейпсо утыкум щаІэ пщІэри, щІыналъэм и экономикэм зиужьыным хуащІ хэлъхьэныгъэри къэхутэныр. Университет щыхъукІэ, дауи, егъэджэныгъэр къызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ар пщалъэ нэхъыщхьэщ. Іуэхугъуищ къызэделъытэ абы: япэрауэ, студентхэм я щІэныгъэмрэ зрагъэгъуэта есэныгъэхэмрэ здынэсыр, ахэр лэжьапІэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэща зэрыхъур; етІуанэрауэ, щІэныгъэ степень зиІэ егъэджакІуэхэм я бжыгъэр фІагъыр къэзыІэт пщалъэхэм я зы ныбзу къоув; ещанэрауэ, иджырей егъэджэныгъэ технологиехэр къызэрагъэсэбэпыр, пэІудза курсхэр, интерактив Іэмалхэр, онлайн еджэныгъэхэр лэжьыгъэм зэрыхалъхьэми къэпщытакІуэхэм я нэІэ трагъэт.

Къыхэгъэщын хуейщ иджырей университетхэр жыджэру щІэныгъэ лэжьыгъэм хэша зэрыхъури. ФІагъыр къыщалъытэкІэ, йоплъ университетым и лэжьакІуэхэм къытрадза щІэныгъэ лэжьыгъэхэм я бжыгъэм, ахэр тегъэщІапІэ зэращІыр зыхуэдизым, патентхэр къызэрыдахым, къэхутэныгъэ пэхуэщІэ инхэм зэрыхыхьэм, щІэныгъэмкІэ дунейпсо грантхэр къызэрахьым, къэрал программэхэр зэрагъэзащІэм.

АдэкІэ дунейпсо щІэныгъэ икІи егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэхэм зэрапыщІамрэ зэрадэлажьэмрэ къалъытэ, университетым и фІагъхэр къыщыхагъэщкІэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, QS World University Rankings, Times Higher Education жыхуаІэ дунейпсо пщалъэхэм еджапІэр хиубыдэныр пщІэшхуэщ. Студентхэмрэ щІэныгъэ лэжьакІуэхэмрэ пІалъэкІэ е программэ гуэрхэмкІэ (псалъэм щхьэкІэ, Erasmus+, DAAD, нэгъуэщІхэри) университетхэр зэхъуэжыныр хамэ къэралхэм щыхабзэщ. Зи фІагъыр къалъытэ университетым апхуэдэ зэфІэкІ иІэмэ, жыжьэ зэрынэсар къегъэлъагъуэ.

Университетхэр дунейпсо щІэныгъэм кІэлъыщІыхьэн папщІэ, я лэжьэкІэр къызэзыгъэпэщ инфраструктурэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Апхуэдэу университетыр лъэщапІэхэмкІэ, библиотекэхэмкІэ, щылажьэ аудиториехэмкІэ, спорт пэшхэмкІэ нэсу къызэгъэпэщауэ щытыныр Іэмалыншагъэщ. Иджырей дунейр зэрыщыту бжыгъэрылъанэ Іэмалхэм хуэкІуащ. Арыххэуи, бжыгъэр зи лъабжьэ библиотекэхэр, пэІудза еджэныгъэр зэрырагъэкІуэкІ Іэмалхэр, нэрылъагъу Іэмэпсымэхэр университетхэм яІэпхъэщ. ІэщІагъэрэ щІэныгъэрэ зэзыгъэгъуэт ныбжьыщІэм еджапІэр къызэринэкІын ипэ къиихуэу, ІэнатІэм хэлъ щэхухэм хэзыгъэгъуазэ технопаркхэм, хьэрычэтыщІэ инкубаторхэм, студент стартапхэм я лэжьыгъэри я гъащІэм щыщ Іыхьэу хэтын хуейщ.



Псори зэкІуэлІэжыр, зэрыгурыІуэгъуэщи, жылагъуэм и экономикэм епха зыужьыныгъэрщ. Иджырей университетхэм яхузэфІэкІын хуейщ цІыхубэр зыхуэныкъуэ пэхуэщІэхэр къыхалъхьэрэ зэфІахыныр, волонтёр жэрдэмхэм жыджэру хэтыныр, щІыналъэ хасэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ ядэлэжьэныр. КъимыдэкІэ, университетхэр къэрал къулыкъущІапІэхэми хьэрычэтыщІэ ІэнатІэхэми ядэлэжьэныр я хьэкъщ. ИкІэм-икІэжым, нэхъыщхьэращи, экономикэм и лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм хэзыщІыкІ, Іуэхухэм я кІуапІэхэр къызыгурыІуэ ІэщІагъэлІхэр игъэхьэзырыфын хуейщ. Мы псор зэхэплъхьэжрэ уехъулІэмэщ, иджырей университетыр фІыуэ щыжыпІэфынур, щІыналъэ экономикэм и зыужьыпІэу, лъэпкъ зэхэщІыкІым и зы пкъыгъуэу, дунейпсо утыкум и зы джэлэсу къыщыплъытэнур, щІэныгъэ нэхъыщхьэмрэ щІэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэмрэ хуищІэ хэлъхьэныгъэр щыплъагъунур.

**- Иужьрей илъэсхэм университетхэм я гъэпсыкІэм, я лэжьэкІэм зэхъуэкІыныгъэ куэд щокІуэкІ. Сыт ахэр зытеухуар? Сыт къызыхэкІыр апхуэдиз зэхъуэкІыныгъэр?**

- Егъэджэныгъэ ІэнатІэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэ псори зытеухуар, шэч хэмылъу, абы и фІагъыр къэІэтынырщ, еджапІэ нэхъыщхьэхэр зэрылажьэ программэхэр зэхьэзэхуэрэ гъащІэм лъэужь къыщызынэ жэрдэмхэр зыгъэнэхъыбэхэр къахэхынырщ, экономикэм дежкІэ мыхьэнэ зиІэ лэжьэкІэр убзыхунырщ. Арыххэуи, зэхъуэкІыныгъэхэр Іуэхугъуэ зыбжанэм ятещІыхьащ. Япэрауэ, университетхэм я гъэпсыкІэм зехъуэж. Факультетхэмрэ кафедрэхэмрэ зэхохьэж, щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я зэпылъыпІэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ центрхэмрэ лъэщапІэхэмрэ нэхъыбэ мэхъу, зы щІэныгъэ унэтІыныгъэм къызэщІиубыдэ къудамэхэр щызэхэт еджапІэхэр зэхашэ, псалъэм щхьэкІэ, Гуманитар щІэныгъэхэм я еджапІэр къызэрагъэпэщ. Иджырей технологиехэр къыхэзылъхьэ икІи ІэщІагъэлІхэр зыгъэхьэзыр Іэмалхэм зрагъэужьын папщІэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм пэхуэщІэ гуэдзэхэр хаухуанэ, есэныгъэ щхьэхуэхэмкІэ центрхэмрэ лъэщапІэхэмрэ къызэІуах. Ещанэрауэ, корпорацэхэм зрагъэужь. Иджырей университетхэр лъэ быдэкІэ гъащІэм хэтыну хуеймэ, экономикэм щиубыд увыІэпІэр нэхъ псынщІэу езыгъэгъуэт бизнес ІуэхущІапІэшхуэхэм ядэлэжьэну къалэн иІэщ. ЕджапІэхэр зэрылажьэ программэхэм бизнес ІэнатІэхэм я еплъыкІэхэр халъхьэ, уеблэмэ я программэ щхьэхуэхэр хаухуанэ. ЕплІанэрауэ, иджырей университетыр зэрыщыту бжыгъэр зы лъабжьэ дунейм хуокІуэ. ЕджапІэм и инфраструктурэр псори студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я тыншыгъуэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэрагъэпэщ: уэ лажьэ, къэхутэ, къыхэлъхьэ, сэ Іэмалхэр уэстынщ, жыхуиІэщ.

КъинэмыщІауэ, езы еджэныгъэми хуабжьу зехъуэж. Апхуэдэу студентхэр зэрырагъаджэ щІыкІэм модуль гъэпсыкІэ егъуэт. НэгъуэщІу жыпІэмэ, студентым езыр зыхуей щІэныгъэ дерсхэр хуиту къыхех, зыхуэныкъуэ есэныгъэхэм кууэ хэзыгъэгъуазэ унэтІыныгъэхэм зытреухуэ, зэреджэ программэхэр зэрыхуэныкъуэм хуэдизкІэ езым лантІэу егъэпс. Иджырей университетым пэхуэщІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэхэлъхьэныр жэрдэм куэдым япэ ирегъэщ. Абыхэм къызэщІаубыдэ бизнес ІэнатІэхэмрэ компание ехьэжьахэмрэ зыхуэныкъуэ Іуэхугъуэхэр, ахэр къазэрехъулІэну Іэмалхэр, абы щхьэкІэ щІапхъэхэр. Къапщтэмэ, студентхэр гуп лэжьыгъэм есэу, щытыкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм псынщІэу зыхуагъэпсу мэхъу. Къыхэгъэщын хуейщ университет еджэныгъэр шэщІауэ лекцэхэм трагъащІэу зэрыщымытыжыр, щхьэзакъуэ лэжьыгъэр ипэ ит зэрыхъуар. Иджы егъэджакІуэхэр унэтІакІуэ е ущиякІуэ мэхъу, зэреджэ программэхэм хагъэгъуазэу, хузэпкърахыу апхуэдэщ.

Сыт хуэдэ еджэныгъэми методикэ щхьэхуэхэр иІэщ. ЕджапІэ нэхъыщхьэм гулъытэ хэха иджы зыхуищІыр студентыр зэджэм нэхъыфІу хэзыгъэгъуазэ, ар кууэ къыхузэпкърызых, щІэхыу къыгурызыгъаІуэ бгъэдыхьэкІэхэрщ. Абыхэм ящыщщ кейс-Іэмалхэр, джэгукІэхэр, интерактив дерсхэр, гуп зэныкъуэкъухэр.

Арыххэу, еджапІэ нэхъыщхьэм - университетхэмрэ институтхэмрэ - я къалэн куэд зыгъэзащІэ центр, егъэджэкІэм бгъэдыхьэкІэщІэхэр хэзылъхьэ ІуэхущІапІэ мэхъу, а гъэпсыкІэри псынщІэу зызыхъуэж дунейм поджэж. ЩІэныгъэм и щэхухэр нобэкІэ къызэрыпхуэтІэщІынури, гъэсэныгъэ лэжьыгъэ зэрыпхуегъэкІуэкІынури, ІэщІагъэлІхэр зэрыпхуэгъэхьэзырынури, жылагъуэм узэрыдэлэжьэфынури апхуэдэ Іэмал зэхэухуэнахэмкІэщ.

**- Тимур, курыт еджапІэр къэзыухахэм я нэхъыбэр хуейщ цІэрэ щхьэрэ зиІэ университет е институт щІэтІысхьэну. Дауи, кърат щІэныгъэм и фІагъри, дунейпсо пыщІэныгъэу яІэри, иужькІэ лэжьапІэкІэ къызэрызэрагъэпэщри щІалэгъуалэм къамылъытэу хъуркъым. Урысейми дуней псоми къыщалъытэу сыт хуэдэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я цІэхэр къипІуэнт, ахэр сыткІи къахэщрэ?**

- ЕджапІэр къыщыхахкІэ, щІалэгъуалэр нэхъыбэу зэплъыр абы жылагъуэм щиІэ пщІэрщ. УщІэмытІысхьауэ, щекІуэкІ еджэныгъэм ухэмысыхьауэ, абыхэм я зэфІэкІыр здынэсымрэ ипэжыпІэкІэ ныбжьыщІэхэм къарит щІэныгъэм и мыхьэнэмрэ къыпхуэщІэнукъым. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм щекІуэкІын хуей лэжьыгъэмкІэ къыхэщ къудей мыхъуу, дунейм зи цІэр нэхъыбэрэ къраІуэ центрышхуэхэм нэхърэ зымащІэкІи мынэхъыкІэу Урысейм университет, институт, академие зыбжанэ иІэщ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, Ломоносов Михаил и цІэр зезыхьэ Мэзкуу къэрал университетыр. ЕджапІэ нэхъ жьы дыдэхэм ящыщщ, ауэ дунейпсо пщІэ иІэщ, абдеж щызрагъэгъуэт щІэныгъэри программэ лъэщхэм ятещІыхьащ. Бытырбыху къэрал университетыр пашэхэм хабжэ, естественнэ икІи гуманитар щІэныгъэхэмкІэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ. Новосибирск къэрал университетыр (НГУ) совет лъэхъэнэми ди нобэми есэпымрэ физикэмкІэ, биологиемрэ информатикэмкІэ щрагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэмкІэ пэрыту къалъытэ. Абы дэт академие къалэ цІыкІум и пщІэр апхуэдизкІэ лъагэщи, абдеж щыпхагъэкІа кандидат икІи доктор диссертацэхэм монографие къару яІэщ. Къэзан къэрал университетым (КФУ) тхыдэшхуэ иІэщ, классикэ еджэныгъэмрэ иджырей технологиехэмрэ зи лэжьэкІэм щызэхэухуэна еджапІэ нэхъыщхьэщ. Анэдэлъхубзэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэхэмрэ хъумэн икІи егъэфІэкІуэн зэрыхуеймкІэ мы университетыр щапхъэщ. НэгъуэщІ куэдми я цІэр къыпхуебжэкІынущ.

ЕджапІэр къыщыхахкІэ, щІэныгъэ зэрызрагъэгъуэтыну ІэщІагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэлъытэн, абыкІэ стажировкэ щыІэн-щымыІэным еплъын, университетым щекІуэкІ гъащІэр зыхуэдэм Іэмалыншэу зыщыгъэгъуэзэн хуейщ. Зи цІэ къитІуахэр нэхъыфІ дыдэу къалъытэхэр аращ. Ауэ абы къикІыркъым щІыналъэхэм щыІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр мыхьэнэншэу е зэрылажьэ программэхэм иджырей технологие Іэмалхэр къамылъытэу. Хьэуэ. Зи Іэмалхэр нэхъыбэ, къэралым гулъытэ хэха зыхуищІ еджапІэхэм зэракІэлъыщІэмыхьэращ, армыхъумэ абыхэми егъэджакІуэ лъэщхэри яІэщ, дунейм щыцІэрыІуэ щІэныгъэлІхэри къахокІ, ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэри къэмыланджэщ. Къуэладжэ-къуэладжэкІэ зыщыплъыхьи, ущалъхуа хэку щетІысэхыж, жаІэ. Си еплъыкІэщ жысІэнур: ущалъхуа щІыналъэм и еджапІэр нэхъыфІщ, узыщыщ лъэпкъым и дуней лъагъукІэм гъунэгъу узэрыхуищІ, иджырей технологие шэщІахэр нэхъ гъэтІысауэ къызэрыббгъэдилъхьэ къудейм щхьэкІэ.

**- Тимур, еджапІэ нэхъыщхьэм и мыхьэнэр ехуэхауэ жаІэу зэныкъуэкъухэм Іэджэрэ урохьэлІэ. Уэ сыт жыпІэн абы теухуауэ?**

- Интеллект ІэрыщІымрэ нейропрограммэхэмрэ гъащІэм щІыпІэшхуэ щаубыдащи, сыт хуэдэ ІуэхугъуэкІэ захуумыгъазэми, илъэситхукІэ е нэхъыбэкІэ зэбгъэгъуэт щІэныгъэм пемыуэу пІэрэ жыпІэну жэуап гъэтІысахэр къыуатыж. Зи гугъу сщІа технологиехэм я къэгъэсэбэпыкІэр Іуэхугъуэ щхьэхуэщ, ауэ еджапІэ нэхъыщхьэр щыІэным е щымыІэным теухуауэ упсалъэмэ, Іуэху еплъыкІитІ щыІэщ. Ахэр нэхъ зэпкърыхауэ къэзгъэлъэгъуамэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджыкІакІуэхэм езыхэм зыгуэрым траубыдэжынщ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэм и мыхьэнэр мащІэ хъуауэ къэзылъытэхэм трагъащІэ щІэныгъэр нэгъуэщІ ІэмалхэмкІи зэбгъэгъуэтыф зэрыхъуам. Апхуэдэу пэІудза еджэныгъэхэр къызэрагъэпэщ МООС жыхуаІэ курсхэр (Massive Open Online Courses) зэхашэ, вебинархэр ирагъэкІуэкІ. Ахэр нэхъ псынщІэу къызэрагъэпэщ, зэман нэхъ мащІэ токІуадэ икІи фІыуэ нэхъ пудщ. Ар зыуэ. ЕтІуанэрауэ, языныкъуэ ІэщІагъэхэр зыхуэныкъуэ есэныгъэхэр фІыуэ нэхъ мащІэщ, ахэр узыпэрыс Іэнэм нэхъ псынщІэу щызэбгъэгъуэтыфынущ, илъэс бжыгъэкІэ уеджэу зэман бгъэкІуэд нэхърэ. Апхуэдэщ, псалъэм и хьэтыркІэ, IT-ІэщІагъэхэр, пэхуэщІэ щхьэхуэхэмкІэ портфолио зыгъэхьэзырхэм я ІэщІагъэхэр, нэгъуэщІхэри. Мы ІэнатІэхэм ІэпэІэсагъыр фІыуэ щынэхъапэщ еджапІэр къэбуха нэужь къыуатыжыну тхылъым нэхърэ. Ещанэрауэ, университет куэдыр зэрылажьэ программэхэр хэпщІыкІыу тІорысэ хъуащ, гъащІэм къигъэув Іуэхугъуэщ Іэхэр жыжьэуи къилъытэркъым. ЕплІанэрауэ, еджапІэ нэхъыщхьэм щІэныгъэ щызэбгъэгъуэтыныр Іуэху пудкъым. Илъэс къэс и уасэм хохъуэ, хэплъхьэ мылъкур къыщыщІэмыкІыжи щыІэщ. Етхуанэрауэ, интернетым и хъугъуэфІыгъуэ псор зэщІэзыша щІалэгъуалэм гу лъамытэу къанэркъым егъэджакІуэ куэдым я щІэныгъэр зэрыримыкъум, еджапІэхэм щекІуэкІ бюрократиер, унафэщІ щхьэхуэхэм я лэжьэкІэ зэкІэлъымыкІуэр.

Апхуэдэу щыт пэтми, еджапІэ нэхъыщхьэр щыІэн хуейуэ, абы и фІагъхэр нэрылъагъуу къэзылъытэ Іуэху еплъыкІэри щыІэщ, абы и телъхьэхэри мащІэкъым. Абыхэм къыхагъэщ еджапІэ нэхъыщхьэм гупсысэкІэм зэрызригъэужьыр, цІыху хэтыкІэмрэ дунейпсо щэнхабзэмрэ узэрыхуигъасэр. Студентым къыІэрыхьэ информацэр зэригъэзэхуэфу, зэпилъытыфу, къигъэсэбэпыфу зыгъасэр цІыхущ, армыхъумэ IT Іэмалхэракъым. ЕтІуанэрауэ, еджапІэ нэхъыщхьэм щІалэгъуалэм Іэмал ярет къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хыхьэну, стажировкэхэмрэ студент зэхъуажэхэмрэ хэтыну. Ар ІэщІагъэмкІэ зэрызыбузэщІын ІэмалыфІщ. Ещанэрауэ, еджапІэ нэхъыщхьэ къэзыуха цІыхум жылагъуэм пщІэ щегъуэт, и зэфІэкІхэмрэ и щІэныгъэмрэ Іулыдж яІэщ. Нэхъыщхьэр университетыр къызэрыбухамкІэ къыпІэрыхьэ тхылъракъым, атІэ ерыщу зи ужь уита щІэныгъэр зэбгъэгъуэтауэ, абы кърикІуэхэм узэрыщыгуфІыкІыжырщ.

**- Сыт къызыхэкІар еджапІэ нэхъыщхьэр цІыхухэм къызэралъытэ щІыкІэм зихъуэжыныр?**

- Псом япэрауэ, щІэныгъэр зэхуэхьэса мэхъу, нэгъуэщІу жыпІэмэ, ІэщІагъэхэм я нэхъыбэр щІэныгъэмрэ ІэпэІэсагъэмрэ теухуа мэхъу, абыкІэ щыІэ есэныгъэхэр къэгъэщІэрэщІэжын фІэкІа, пэублэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ уимыІэми, ягъэ мыкІыну къалъытэу хуожьэ. ЕтІуанэрауэ, техникэ революцэ екІуэкІащ. ІэнатІэхэм я нэхъыбэр автоматизацэм хуокІуэ, а щытыкІэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ къилъыхъуэркъым, ар зыщІэупщІэр ІэщІагъэрылажьэщ. Ещанэрауэ, дунейпсо экономикэр зэтескъым, ар зэпымычу хьыжькуийм кърехьэкІ. ІэщІагъэ зэбгъэгъуэту лэжьапІэ ІэнатІэ уувын щхьэкІэ, узэреджа илъэс бжыгъэр зыми щымыщу кІуэдынкІэ хъунущ, сом къыпэмыкІуэжу ІэнатІэр дэхуэха хъумэ. Еджэныгъэм щІат уасэмрэ экономикэр зэрыуэзэрыбг зэрыхъумрэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэтыну хуейхэм я бжыгъэм кІэрегъэху, еджапІэ нэхъыщхьэм и пщІэм кІэреч.

Сыт хуэдиз зэщымыщхъу ди гъащІэм къыщыхъуми, сыт хуэдиз гугъуехь еджапІэ нэхъыщхьэр Іууэми, абы иджыри жылагъуэ гъащІэм щІыпІэшхуэ щеубыд, щІалэгъуалэм я дуней еплъыкІэр зэфІэувэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Іуэхур здэщыІэр еджапІэ нэхъыщхьэм и пщІэр къызэрехуэхаракъым, атІэ жылагъуэм и щыІэныгъэм пкъощІэсэ хуэхъу щхьэусыгъуэхэр экономикэ щыІэкІэщІэм зэрегъэзэгъын, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэгъэпэщыным жыджэру хэлэжьыхьу гъэпсын зэрыхуейращ.

**- Тимур, фІыщІэ пхудощІ, Тхьэм уригъэфІакІуэ!**

- «Адыгэ псалъэ» газетыр унагъуэкІэ къыщытІэрымыхьа къэхъуауэ си гъащІэм къэсщІэжыркъым - абы сыт щыгъуи дыпоплъэ, ар дапщэщи тфІэгъэщІэгъуэнщ. Фэри Тхьэм фиузэщІ!

*Епсэлъар* **ШУРДЫМ Динэщ**.

# Тыгъэ лъапIэ

Iуэтэж

- Хэдэ!

Раянэ къищэхуа бэлътокухэр, пшынэм ещхьу, зэтригъэжауэ, Фаизэ и пащхьэм щегъэсыс. Хъыджэбзхэр шэджагъуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу, «ПцIащхъуэ абгъуэ» тыкуэным щIэлъэдауэ арати, гъатхэ дыгъэм къыхэувэжауэ, псапэ зэIэпах.

- КхъыIэ, сэри зы бэлътоку къызэт! - цIыхубз макъ къоIу. Нэм къыфIэмынащэу, тыкуэн бжэIупэм деж удз гъэгъахэр щызыщэ нанэр гуфIэурэ къахудоплъей.

- Уэри хэдэ! - игъащIэ лъандэм ицIыхуам ещхьу щогуфIыкI абы Раяни, и бэлътокухэр хуеший.

- СыгушыIэу аращ, фи адыгэбзэм сехъуэпсауэ. Куэдщ, куэдщ! Ажэгъуэмэхэр мэкIуэд жысIэри, сыкъыдэкIуеящ нобэ къалэм. Иджы мыр къэсщтэху сигу укъэкIынущ, си хъыджэбз! ИIэ, фэри си ажэгъуэмэхэм щыщ зы Iэрамэ къыхэфх!

- Мыхэр уи хадэм щыбгъэкIыу ара, нанэ? - Фаизэ ажэгъуэмэ щIыхухэм яхоплъэ.

- Хьэуэ, тхьэ! Мэз лъапэм къыщыстIащ.

«Псори къэдгъэщэху!» - и ныбжьэгъум и тхьэкIумэм йохъуцацэ Раянэ. Нанэр фэджэладжэ дыдэуи хуэпакъым, ауэ куэд щIауэ и щхьэ Iуэху зэрызэримыхуэжыр нэм къыщIоуэ жумыIэпэнуми, нэрылъагъущ.

- Псори къэтщэхумэ, тхьэмыщкIафэ етплъу къыфIэщIынущ.

- Сыт-тIэ тщIэнур?

- Дэнэ ущыщ, нанэ? - нэхъ хуабжьу щIоупщIэ Фаизэ.

- Къалэ щIыбым, дачэхэм сыщопсэу.

- Шэджагъуашхэ тIэкIу къыддэпщIын?

- АIэ! Сэ псынщIэу семыжьэжмэ, кIуэжыгъуей сыхъунущ. Сымаджэ къэзгъэнащ.

- И лIыр зэрихьэ къыщIэкIынщ, - зохъуцацэ хъыджэбзитIри, тыкуэным ягъэзэж, зы пакет из хъун шхыныгъуэ хузэралъхьэри, къыщIокIыж.

- Нанэ, дэ машинэ дисщ, ухуеймэ, уIутшэжынщ унэм. Уи удзхэр сэ къэсщэхунущ псори хадэм хэссэну. Дапщэ жыпIэрэ?

- Иджыпсту пасэIуэщ хэпсэну, химыубыдэнкIи хъунущ, - дзыхьмыщIу жеIэ нанэм. Ауэ Фаизэ уемыдаIуэу зэрымыхъунур и нэгум къищырти, зримылъэфыхьу ажэгъуэмэхэр хуишиящ. Ахъшэри зэIэпахащ.

Къалэ щIыбым ирикIуэ гъуэгум здрижэм, нанэм здагъэшынур яригъэлъагъуурэ, унэ хэщIыхьа цIыкIу гуэрым и гупэм къыщоувыIэ. Пакетри кърахащ.

- Мыхэр, нанэ, ди цIэкIэ фшхынщ!

- ФынылщIыхьэ, фымыпIащIэмэ, зы шеибжьэ дефэнщ! - укIытэр къызэрытекIуэр IупщIу, жеIэ иджы нанафи зытемытыж цIыхубзым.

- Хьэуэ, хьэуэ, дэ лэжьапIэм дыIухьэжын хуейщ. Хэт зепхьэр? Уи щхьэгъусэра?

- Хьэуэ, тхьэ. Си щIалэ закъуэрщ.

- Еууей! Машинэ, сыт, къыжьэхэуа, хьэмэ?

- Алыхьым апхуэдэу къызитащ. И лъакъуэр къыщIэувэркъым, и нэми илъагъуркъым.

Хъыджэбзхэр къэнэщхъеящ. Куэбжэпэм здыIутым, и укIытэм текIуэн щхьэкIэ, и къуэмрэ езымрэ я хъыбарыр иришэжьауэ, къажреIэж.

- «Дэ сабий ныкъуэдыкъуэ дыхуейкъым», - къызжаIащ сызэрыса унагъуэм, сабийм и Iуэху зыIутыр наIуэ къызэрыхъуу. «Мы сабий нэджэIуджэр», - жиIэурэ си пщыпхъур къэкIуэжыху шхыдэрт. Къасщтэри сыкъэкIуэжащ. Гукъани яхуэзмыщIу сакъыхэкIыжащ. Абы лъандэрэ илъэс дапщэ дэкIагъэн? ПщыкIуплI? ПщыкIутху? Си адэ-анэм къыздапIащ, псэуху. И акъылыр зэтесщ, Тхьэм и фIыщIэкIэ. ЕгъэджакIуэ гуэри къытхуокIуэ. Благъэхэр къыздоIэпыкъу. СылэжьэпэнумИ, и закъуэу къыщIэбнэ хъуркъым. Содэ, зыгуэрхэр зэрызохъэ, зэкIэрызогъапщIэ.

«ДыщIэгъэхьэ! - мэIущащэ Раянэ. - Сеплъыну сыхуейщ».

ЗэлъыIухат унэр. Ауэ гуфIэгъуэ щIэмыту апхуэдэт.

- Мамэ! УкъэкIуэжа? - ныбжьыщIэ макъ гъум къыщIоIукI пэш пхыдзам.

- НтIэ, Саид, сэращ ар, си щIалэ цIыкIу!



- Хэт уи гъусэр?

- Уи шыпхъухэращ ар, Саид, Раянэрэ Фаизэрэ! - Фаизэ кIуэрыкIуэм тету къигупсысхэр къыздрихыр зэи къыпхуэщIэркъым.

- Сэ шыпхъу сиIэкъым.

- Иджыри къэс уимыIами, иджы уиIэнущ, си дэлъхушхуэ! - Фаизэ зэрымыпсэлъэгъуейр фэри къывгурыIуа къыщIэкIынщ.

- Дапхуэдэу узэрыщытыр?

- СытхьэIухудщ! Уэ пхуэдэу шыпхъукIэ ехъулIа щыIэу си фIэщ хъуркъым! - къыжьэдохури, и псалъэм лъэщIыхьэжыркъым хъыджэбзыр.

- Сэ дахэ жиIэм къикIыр сщIэркъым, - нэщхъейуэ, ауэ нэжэгужэу мэпсалъэ Саид. - Уи Iэм сегъэIусэт!

Фаизэ щхьэнтэ лъагэм кIэрыгъэщIауэ пIэм хэлъ щIалэ цIыкIум бгъэдохьэри, и Iэр хуеший.

- Сыту гъэщIэгъуэн! Уи Iэр цIыхуфIыIэщ, ауэ уи макъым тIэкIу сыщошынэ.

- Сыт щхьэкIэ?

- ФIыуэ сыкъыумылъагъуу къысщегъэхъу.

- НтIэ, Раянэ ейм еIусэт, абы и макъыр иджыри зэхэпхакъым.

Раянэ и Iэр жыIэщIэу щIалэм хуеший. Саид ар къиутIыпщыжыну пIащIэркъым.

- Псалъэт! - къару щIэлъу унафэ ещI ныбжьыщIэм.

- Сэри сыцIыхуфIу жумыIэмэ, си жагъуэ хъунущ! - зэрыхъукIэ нэхъ къызэрыгуэкI ещI и макъыр Раянэ.

- Уи нэхэр удзыфэ?

- Дауэ къызэрыпщIар? - псори мэдыхьэшх, езы щIалэ цIыкIуми и гукъыдэжым зыкъеIэт.

- СщIэркъым, уи Iэм къызжеIэ апхуэдэу.

- Си щхьэцыр-щэ?

- Мамэ ейм ещхьу щхьэцыгъуэщ.

- Мамэ Iэлъэщ телъщ.

- Сэ Iэлъэщым къикIыр сщIэркъым.

- ЕIусэт, Саид, Раянэ къызита бэлътокум! - Зарэ щIалэ цIыкIур къытехьэу кIиин щIидзэнкIэ мэгузавэ, хъыджэбзхэр щIэмыкIыж щIыкIэ. Апхуэди и хьэлщ. Саид и анэм къыхуишия бэлътокур къещтэри, и пэм хуехь. ИтIанэ и нэм трелъхьэри, жеIэ:

- Исуф и адэм ещхьу, сэри си нэр къигъэплъэжтэмэ уи бэлътокум!

- Хэт Исуфыр? - хъыджэбзитIыр Зарэ йоплъ.

- Езым къывжиIэжынщ, сэ шей згъэвэху, - зыгуэркIэ зэрыгушхуэр наIуэу къыщолъэт Зари, пэшым щIокI.

- Екъуб бегъымбарымрэ абы и къуэмрэ къащыщIар зэхэвмыхауэ ара? - ауан ищI щIыкIэу щIоупщIэ Саид.

Зэхахакъым. Хъыджэбзхэр пIэм хэлъкъым, тхылъ еджэн хуэдэу.

- Исуф и къуэш нэхъыжьхэр къефыгъуэрти, ягъэпщкIури пщылIу зыгуэрым иращащ. И адэ Екъуб ар хуэмышэчу нэф хъуат. Зыкъом дэкIауэ, езыхэри ин хъури я делагъэр щхьэщыкIауэ, Исуф пщышхуэ хъуауэ къагъуэтыжащ и къуэшхэм. И адэр нэф зэрыхъуар жраIати, си джанэр и нэм хутефлъхьи, къэплъэжынущ къажриIэри, апхуэдэуи хъуащ. Сэри си адэм сыхуолъаIуэ жэщ къэс. Ялыхь, и гур зэшалIэ, жызоIэ.

- Уэ уи гур зэрыплъэм хуэдэу дэ ди нэхэр плъэуэ щытамэ, Саид, сыту дехъулIат! - и фIэщыпсу мэпсалъэ Раянэ.

ХъыджэбзитIым псапэ къызэрахьам шэч къытрамыхьэу, итIани, я гур хьэлъэу къыщIэкIыжащ Зарэ и унэм.

- ИIэ, нэгъуэщI мыхъуми, мазэм зэ дыкъэгъакIуэ! - япэу Фаизэ и бзэр къеутIыпщыж.

- Абы и адэм иджы нэгъуэщI унагъуэ иухуауэ, сабий узыншэ епIри дунейм тетщ, зыгуэр къыщыщIынкIэ мышынэу.

- КъыщыщIагъэххэкъэ, ар зигу! АфIэкIа зыхыумыщIэу дунейм утетыныр нэхъ ныкъуэдыкъуагъэщ, а зэанэзэкъуэм ягъэвым нэхърэ. Еплъ ухуейми, и хъыбарыфI гуэр зэхэтхыжынущ абыхэм. Мынобэми мыпщэдейми.

Пщэдей куэди дэкIатэкъым Фаизэ и телефоным Зарэ къыщипсэлъыкIам:

- Иджыри къэс зигъэхъеин идакъым. Иджы къыздэлэжьэн дохутыр къысхуэлъыхъуэ, къызжиIащ. Фэращ зи фIыгъэр, си псэр къурмэн зыхуэхъунхэ! КхъыIэ, фыхущIыхьэмэ, пщэдей фыкъакIуэ, къаз фхуэзукIынущ.

- Щэбэтым, сыхьэт пщыкIузым деж къытпэплъэ, Зарэ!

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

# Щхьэж хуэфэщэн гулъытэ имыгъуэтмэ...

● Жылагъуэ

**Дунеижьыр цIыхухъухэм папщIэ къигъэщIауэ жаIэрэ, бзылъхугъэр пщэфIапIэм къыщIэмыкIыу, хуитыныгъэ гуэри имыIэу щыщыта лъэхъэнэр, насып диIэти, икIащ. Иджы хуэм-хуэмурэ къыкъуощыж алъандэрэ щIэныгъэм хуэлэжьа бзылъхугъэхэм я къэхутэныгъэу, цIыхухъухэм зыхуатхыжа, Нобелым и саугъэтыр къызэрахьахэм я хъыбар гъэщIэгъуэнхэр. Апхуэдэу, цIыхузэхэгъэжым дикъуза, зи цIэр тIэщIиудахэм ящыщщ 95-нэ бензиныр къэзыгупсыса Межлумовэ Аннэ.**



КРАСНОДАР крайм хиубыдэ Ильинскэ къуажэ цIыкIум 1914 гъэм къыщалъхуат Аннэ. Октан бжыгъэ куэд зыхэлъ 95-нэ бензиныр къэзыгупсыса, химие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Межлумовэр щIыдагъэм, абы пыщIахэм щыхуагъэхьэзыр Грознэ къалэм дэт къэрал институтым егъэджакIуэу, ЩIыдагъэ промышленностымкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лабораторэм и унафэщIу лэжьащ. Аннэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIыдагъэмрэ абы къыхащIыкI дагъэ лIэужьыгъуэхэмрэ ятеухуа щIэныгъэ лэжьыгъэ 19.

Езым зэрыжиIэжауэ щытамкIэ, Аннэ зэрыцIыкIурэ щIэхъуэпсырт егъэджакIуэу лэжьэну, икIи Ростов дэт институтым щIэтIысхьэну зигъэхьэзырырт. Ауэ и адэмрэ и щхьэгъусэмрэ я лэжьыгъэр щIыдагъэм епхати, абыхэм я унафэкIэ бзылъхугъэр щIыдагъэ институтым ягъэкIуащ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям Аннэ заводым и лабораторэм щылажьэрт. Езы заводыр Уралым ягъэIэпхъуэну унафэ щыIэти, ар цIыхубзым и пщэ къыдалъхьащ. Грознэ къалэм къыхэна щымыIэу зэтракъутами, за-водхэм Iэпэ хуахьакъым фашистхэм: Кавказыр иубыдыну хъуэпсапIэ нэхур зыгъафIэ Гитлер идакъым иужькIэ зыхуеижынкIэ хъуну Iуэхущ IапIэхэр зэтракъутэу. Абы щыгъуэ Аннэ къигъэлъэгъуа хахуагъэм «Кавказыр хъумэным папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Совет Союзыр хуабжьу хуэныкъуэт гъэсыныпхъэфI, гуащIэ, къабзэ икIи Сталиным щIэныгъэлI гуп Грознэ къигъэкIуащ: «Къэвгъуэтыху, къэвмыгъэзэж!» - къажриIэри.

ЩIыдагъэм щелэжьу Грознэ къалэм дэт заводым и лабораторэм Межлумовэ Аннэ и унафэщIу ягъэуващ 1945 гъэм. Къэралым и Iэтащхьэм и унафэм тету, цIыхубзыр зи пашэ гупым къэхутэныгъэ бжыгъэншэхэр ирагъэкIуэкIыурэ, октан бжыгъэ 76-рэ зыхэлъ бензин лIэужьыгъуэр къахуташ. Абы папщIэ Межлумовэр ягъэлъэпIащ дыщэ медалкIэ.

1954 гъэм и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ абы, егъэджакIуэу институтым щыIащ икIи гъэсыныпхъэм теухуауэ и щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэри зэи зэпигъэуакъым.

1990 гъэхэм къызэрехьэжьа зэрыхьзэрийм и зэранкIэ Межлумовэм и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр лъэныкъуэ иримыгъэзэу хъуакъым. Абы и къуэрылъхухэр занщIэу нэгъуэщI къалэ ягъэIэпхъуащ, зауэм пэIэщIэ ящIу. Куэд дэмыкIыу щIэныгъэ лэжьакIуэм и унэр зэтракъутащ. Я Iуэхур хэкIыпIэншэ щыхъум, зызэщIакъуэри, Воронеж Iэпхъуащ унагъуэр. Абыи щхьэегъэзыпIэ щамыгъуэту Ростов областым хиубыдэ Волгодонск къалэм щепсыхащ икIи илъэсипщIым щIигъукIэ общежитым щIэсащ, зы пэш цIыкIум зыщIагъэзагъэу.

Межлумовэр 2007 гъэм дунейм ехыжащ. Абы ипэкIэ ар щэнейрэ Президентым хуэтхащ и псэукIэкIэ гугъу зэрехьым теухуауэ, ауэ гулъытэ игъуэтакъым. Дунейм нэхъ къэралыгъуэшхуэу тетым 95-нэ бензиныр къыхуэзыгупсыса щIэныгъэ лэжьакIуэр кIуэдыжащ апхуэдэу... ТхьэмыщкIэу, и унэ щIэхъуэпсу, химие формулэхэр гукIэ ищIэжу.

**ФЫРЭ Анфисэ.**




● Гъэщ1эгъуэнщ

# Бзухэм я псынщІагъыр

Зи лъыр щІыхуфэ псэущхьэу дунейм тетыр Австралием и гъунэгъу тенджызхэм медузэм ещхьу хэс псэущхьэхэрщ.

* * *

Къуалэбзу псоми псы щефэкІэ я щхьэр къаІэтын хуей мэхъу, тхьэрыкъуэ закъуэращ и щхьэр къыдримыхьейуэ псы ефэфыр.

* * *

Язынықъуэ бзухэм зы сыхьэтым километрищэ къызэранэкІыф, метр мини 7-кІэ заІэт, къэмытІысу километр мини 3 - 3,5-рэ къалъэтыхьыф.



# Губзыгъэр зэпІэзэрытщ

● ЖыІэгъуэхэр

Дэтхэнэми къыфІощІ езым хуэдэу фІыуэ зылъагъу щымыІэу. Аращ лъагъуныгъэм къару хуэхъужри.

* * *

Нэгъуэщ Іым щхьэкІэ жыпІэм хуэдэ дыдэщ уэри къыпхужаІэр.

* * *

УщІэлъаІуэм хуэфэщэн фІыщІи къыкІэлъыкІуэн хуейщ.

* * *

Псом нэхърэ унэхъ Іущу закъыфІэбгъэщІыныр къызыхэкІыр акъылыншагъэрщ. Губзыгъэр сытым дежи зэпІэзэрытщ.

* * *

ЦІыхухъум хуримыкъу псори цІыхубзым хэлъщ.

* * *

ПщІэншэу бгъэкІуэда зэманым куэд пІех, ауэ дерсыфІ къыхыбох.

* * *

ГурыщІэращ акъылыр зыунэтІыр.

* * *

Сабийхэм ябгъэдэлъ зэчийм къэралым и къэкІуэнур еубзыху, абыхэм я дахагъэм наІуэ къищІыр лъэпкъым и фІэрэфІагъырщ.

* * *

Зыгуэрым ущыхуэныкъуэм хуэдэ дыдэу фІыкъым зыгуэр къобэкІыу уиІэнри. Абы и уасэр мэкІуэд, ар нэхъ ІуэхуфІ дыдэу щытми.

* * *

ІэштІым пщІауэ гупсысэ убзыхуа уи щхьэм къихьэнукъым. Лъагъумыхъуныгъэм акъылыр егъэутхъуэ.

* * *

ЦІыхур апхуэдэщ – и гъащІэ псор зытригъэкІуадэр зыгуэр зыІэригъэхьэнырщ, армыхъумэ а къыІэрыхьам иринасыпыфІэфкъым.

* * *

Гум имылъагъур нэми илъагъукъым, нэм пэІэщІэр гуми пэжыжьэщ.

* * *

Жылагъуэ зэхэтыкІэр, щэнхабзэр, хабзэр зыхуэдэм къегъэлъагъуэ ар зезыхьэ лъэпкъым и дунейр.

**ХЪУРЕЙ Феликс**.

● Шхыныгъуэ

# Шхуз

Мы шхыныгъуэр япэ зэманхэм ящІу щытащ. Нэхъапэхэм унагъуэм жэм зыщыплІ зэрахуэрти, гъэш я куэдт. Бжьыхьэрт нэхъ щащІыр. Ерыскъыгъуэр ягъэхьэзырын щхьэкІэ шху пэгунищ-плІы шыгъу тІэкІу хэлъу ягъапцІэри ягъэупщІыІуж. Шэр щІэмыхумэ нэхъыфІщ. Шху дияр чэсыргей къэпым иракІэри, лъагапІэм щыфІэдзауэ, жьы щІихуу махуитІ хуэдизкІэ щІыІапІэ фІагъэлъ, шэжыпсыр щІэжын щхьэкІэ. А шэжыпсыр зэрылъэдэн хьэкъущыкъу къэп лъабжьэм кІэщІагъэувэ. Шхузым къыщІэжа шэжыпсым уефэну сэбэпщ. Къурт къыхащІыкІи хъунущ. МахуитІкІэ лъагапІэм фІэлъа шхур Іувыбзэ мэхъу. КІэструлышхуэм шатэ техагъащІэ иракІэ, и лъэгур щІигъанэ къудейуэ, къэпым къина, кхъуейлъалъэм хуэдэу хъуа шхур абы иракІэ. Абы и щІыІум тхъу гъэвэжагъащІэ упщІыІуа тракІэ, 1 сантиметр и Іувагъыу. КІэструлыщхьэр бинт тІуащІэ-щащІэкІэ щхьэщапхыкІыжри, щІыІапІэ-кІыфІыпІэм ягъэув. Гъатхэр къэблэгъа нэужьщ къыщащтэр. Щашхынум и деж шхузыр бжэмышхкІэ къыгуахыурэ фалъэм е тепщэчым иралъхьэ. Дашх щІакхъуэ, лэкъум, чыржын, мэжаджэ, мырамысэ хуабэ.

*Халъхьэхэр:* шху литр 40, шыгъу грамми 100, шатэ грамм 2000, тхъу грамм 2000.

**КЪУБАТИЙ Борис**.



● Фэ фщІэрэ?

# Къурш бжэн

Бгылъэ щІыпІэхэм щыпсэу бжэнхэр къыр задэ дыдэхэм гугъуехьыншэу докІуеиф. Абы щыгъуэми зы Іуащхьэм ипкІыурэ адрейм пкІэфынущ.

Ар къащІехъулІэр я лъэгухэм папцІэ цІыкІу зэриІэрщ, ахэр бгы щхьэфэ зэгуэчахэм дагъанэурэ къакІухь.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкІуэкІыу:* **3**. Нарт лІыхъужь. **4**. ЦІыху псынщІэ, щІагъуэу емыгупсысу, хэлъадэу Іуэху гуэрхэр къезыхьэжьэ. **7**. Мэжджытым хэт азэн джапІэ. **9**. ЩІалэщІэм ... гулъэ къишэри мэзым къикІыжащ. **10**. Языныкъуэ цІыхубз Іэзэхэм апхуэдэ пэшэгъу яІэу жаІэ. **11**. Дэрбзэр Іэмэпсымэ, хьэпшып. **12**. МафІэ бзий къыдидзу, уафэм къыщоуэ. **14**. «ЩІыхь» орденым и нагъыщищри зрата зауэлІ Мусэ ...

*Къехыу:* **1**. Егъэлеяуэ пшэр, зэпэхъурей. **2**. Хым, тенджызым щызекІуэ транспорт. **3**. Псалъэжь: «Мылъкум къигъэпщри, къуэшхэр ...» **5**. Адыгэ генерал, Абхъазым и ЛІыхъужь. **6**. ЩІымахуэ щыгъын. **7**. ... зыхэвэ нэхърэ - бжэн зыхэпкІэ. **8**. Ди гъунэгъу пхъащІэм ...-щхьэгъубжэхэр Іэзэу ещІ. **13**. ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ театрым и джэгуакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист. **15**. ... вы бжьакъуэм къокІ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътІанщ**.

*ЩІышылэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

*ЕкІуэкІыу:* **1**. Іугъуэм. **3**. Напэ. **7**. Шынакъ. **9**. ЯдокІуэ. **11**. Ныбжьэгъум. **14**. Набдзэ. **15**. Мастэ. **16**. ДэкІэ. **17**. Унэщ.
*Къехыу:* **2**. Гъуанэщ. **4**. Псори. **5**. Пшэр. **6**. Джэду. **8**. Къэрабгъэ. **9**. Ямыфэгъум. **10**. Уанэ. **11**. Ныбгъуэ. **12**. Мысрэ. **13**. Пхъэжь.

● Псалъэжьхэр

# Мардэ зимыІэ щыІэкъым

**♦Лэжьэнкlэ уашхэщ, шхэнкlэ дыгъужьщ.**
**♦Жыжьэу бгъэтІылъыр благъэу къощтэж.**
**♦Жьы къемыпщэу къурэ сыскъым.**
**♦ЛІым я нэхъ мыгъуэм Іуэхугъуибгъу зэпеч.**
**♦Унэм зыщыгъаси, хасэм яхыхьэ.**
**♦Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ.**
**♦Мардэ зимыІэ щыІэкъым.**
**♦Удахэмэ - ухейщ, ухеймэ - улъэщщ.**
**♦Зым ищІэр щэхущи, тІум ящІэр нахуэщ.**
**♦НэфІэгуфІэ и нэ дыщэ ІуэнтІа щІэлъщ.**
**♦Узыхэдэн щымыІэмэ, щыІэр къыхэх.**
**♦УмыгъэтІылъ къэпщтэжыркъым.**
**♦УмыщІэм ущІэупщІэныр емыкІукъым.**
**♦ЦІыхуфІ и тхьэкІумэ дэгущ.**
**♦Чэнджащэ щыуэркъым**





# Дызэрыгушхуэни тхъумэни диIэщ

## Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэр илъэси 105-рэ ирокъу

**Библиотекэм щеджэ и пэшышхуэм дыгъуасэ щагъэлъэпIащ IуэхущIапIэр къызэрызэIуахрэ илъэси 105-рэ зэрырикъур. Арат зытраухуар «Дызэрыгушхуэни тхъумэни диIэщ» зэхыхьэ гуапэр.**

ЗЭIУЩIЭМ зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лэжьакIуэхэм, министерствэ щхьэхуэхэм, библиотекэм пыщIэныгъэ хузиIэ IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, егъэджэныгъэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм пэрытхэм.

Библиотекэм и тхыдэмрэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэмрэ ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр зэIущIэр щекIуэкIа пэшым къыщызэрагъэпэщат. Абы хагъэхьащ IуэхущIапIэм и фондым щахъумэ къыдэкIыгъуэ лъапIэхэр, щIыналъэм и тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр щызэхуэхьэса дэфтэр, тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. КъинэмыщIауэ, къагъэлъэгъуащ «Хранители времени: 105 лет мудрости и знаний» мультимедие видеонэтыныр.

Пшыхьыр къызэIуахащ урыс тхакIуэшхуэ Толстой Лев и псалъэхэмкIэ: «Тхылъхэм щызэхуэхьэсащ лъэпкъхэмрэ зэманхэмрэ къахьэса Iущыгъэ, гуапагъэ мыухыжхэр». А къулеигъэхэр библиотекэхэми щахъумэ. Илъэси 105-р бжыгъэ къудейкъым, атIэ ар тхылъым хуаIэ лъагъуныгъэрэ тхылъеджэхэм я пэжыгъэкIэ гъэнщIа зэманщ. Абы къриубыдэу тхылъ гъэлъэгъуэныгъэ, конференц, зэIущIэ, пшыхь мин бжыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ. Махуэшхуэм ирихьэлIэу IуэхущIапIэм и бжэр хузэIуахащ псалъэр, щIэныгъэр, щэнхабзэр зыгъэлъапIэ псоми.

Библиотекэр 1921 гъэм къызэрагъэпэщащ икIи лIэщIыгъуэм щIигъуауэ къикIуа гъуэгуанэм республикэм щIыгъуу зиужьащ, къэхъугъэхэм ятеухуа лэжьыгъэхэр и фондым хагъэхьэу. Нобэ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и библиотекэ нэхъыщхьэщ икIи нэхъ инщ. Абы и хъумапIэхэм тхылъ мелуаным щIигъу щIэлъщ. Апхуэдэщ пасэрей къыдэкIыгъуэхэм щыщIэдзауэ иджырей электрон Iэмалхэм тет лэжьыгъэхэр.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щэнхабзэм, щIэныгъэм щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэ фIыщIэ яхуищIащ я махуэшхуэр къыдагъэлъэпIэну зэхыхьэм зыкърезыгъэхьэлIа хьэщIэ лъапIэхэм.

- Библиотекэм къикIуа гъуэгуанэр щIыналъэм и тхыдэм къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIэныгъэ быдэкIэ епхащ. Къапщтэмэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм къыхэжаныкIа жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ пашэхэм я цIэхэмкIэ пыщIащ. 1920 - 1921 гъэхэм Налшык слободам библиотекэхэр къыщызэIуахащ. Интеллигенцэм щыщхэм къадэкIуэу, тезыр зрагъэпшынхэри абыхэм екIуалIэрт. Ди IуэхущIапIэм и цIэм, и хэщIапIэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэригъуэтар тхыдэм къыхэщыжми, тхылъеджэхэм дапщэщи яхуэпэжу, щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм хуэлажьэу къэнэжащ. ЦIыхубэ библиотекэ нэхъыщхьэм 1921 гъэм зы къат хухахауэ щытащ. Абы щыгъуэ IуэхущIапIэм цIыху 360-рэ къекIуалIэу, тхылъ 400-м нэблагъэ щахъумэу арат. Абы щыгъуэ цIыхухэм я щIэныгъэншагъэр ягъэкIуэдырт, тхыбзэм хурагъаджэрт, - жиIащ Емузым. - IуэхущIапIэм и фондыр зэгъэпэщыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ абы и цIэр зезыхьэу щыта Крупская Надеждэ. 1934 гъэм библиотекэм кърatащ къатитI хъу мы IуэхущIапIэр. Къэралми республикэми тхылъхэр куэду къыщыдагъэкI хъури, абы псынщIэу зиужьащ. Хэку зауэшхуэ зэманым библиотекэм и фондым щIэупщIэ зиIэ тхылъ мини 115-м щIигъу щызэхуахьэсат. Абы щыгъуэ IуэхущIапIэм цIыху мин 11-м нэблагъэ къекIуалIэрт. А зэманым цIыхубэм я гур мыкIуэду псэунымкIэ тхылъхэр сэбэп хъурт. Хэку зауэшхуэ зэманым, нэмыцэхэр ди щIыналъэм къыщытеуам, библиотекэр къагъэуэри, щахъумэ тхылъ, IэмэпсымэкIуэд мафIэм исащ. Ди республикэр щхьэхуит къыщащIыжам, IуэхущIапIэр зэфIагъэувэжащ. ПIалъэ кIэщIым къриубыдэу абы и хъумапIэм тхылъ мин 15-м щIигъу хагъэхьащ икIи и бжэхэр тхылъеджэхэм хузэIуахыжащ. Хэку зауэшхуэ нэужьым, 50 гъэхэм, библиотекэм и фондым пщIы бжыгъэкIэ къыхагъэхъуащ, каталогхэр, картотекэхэр, библиографие справочникхэр къыщызэрагъэпэщащ. IуэхущIапIэм нобэ цIыхуи 140-м нэблагъэ щолажьэ, къудамэ 19 иIэщ. Абы и лэжьакIуэхэм гулъытэ ин хуащI щIэблэм Хэкур фIыуэ ялъагъуу, лъэпкъ зэхэгъэж ямыщIу къагъэхъуным. IуэхущIапIэм зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэIущIэ щхьэпэхэр щыдогъэкIуэкI. Иджыри а лэжьыгъэм къыпытщэнущ.



Емуз Анатолэ я цIэ кърииIуащ библиотекэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа лэжьакIуэ пажэхэм. Апхуэдэу абы и псалъэм къыхигъэщащ политикэ, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, нобэ библиотекэм зи цIэр зэрихьэ Мэлбахъуэ Тимборэ IуэхущIапIэр зэрыригъэфIэкIуар.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин IуэхущIапIэм и махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэза нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыбгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэм къахуеджащ. Абы итщ лIэщIыгъуэм щIигъуауэ щэнхабзэ, щIэныгъэ, тхыдэ хъугъуэфIыгъуэхэр зыхъумэ, тхылъхэр фIыуэ лъагъуным щIэблэр щIэзыпIыкIыу къэгъуэгурыкIуэ, зи IэнатIэм хуэпэж лэжьакIуэхэм, псом хуэмыдэу IэнатIэм и ветеранхэм гукIи псэкIи узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, дэрэжэгъуэ яIэну, тхылъеджэхэр къахуэарэзыну зэрехъуэхъур, щIыналъэм исхэм я дежкIи мы махуэшхуэм мыхьэнэ ин зэриIэр. Къумахуэм зи лIыкIуэ министерствэм и щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъэралкIуэцI политикэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ управленэм и унафэщI Хьэсанэ Хьэсэн, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамболэт, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Бжьахъуэ Ранетэрэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Коротких Ольгэрэ, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэм я цIэ къыщраIуащ икIи щагъэлъэпIащ библиотекэм и тхылъеджэ пэжхэмрэ IуэхущIапIэм щIыгъуу зэхыхьэхэр къызэзыгъэпэщ цIыху жыджэрхэмрэ. Апхуэдэщ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ мэкъумэш университетым и кафедрэм и унафэщI Ханиевэ Иринэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Бэрбэч Борис, нэгъуэщIхэри. КъыкIэлъыкIуэу, «Лъэпкъ къэрал библиотекэм щIыхь зиIэ и тхылъеджэ» билетхэр зыхуагъэфэщахэм иратыжащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым хэтхэу Мэшыкъуэхэ Русланрэ Дианэрэ, «Насып» ансамблым и къэфакIуэхэм, уэрэджыIакIуэхэу ЦокIыл Азэмэт, Мэкъуауэ Астемыр, Холамханов Къайсын, Белоцерковская Динэ сымэ.



**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.203 • Заказыр №154

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А